ЖЭНЭ КЪЫРЫМЫЗ



# ПШЪАШЪЭМ ИГУПШЫС

Жэнэ Къырымыз



# Пшъашъэм игупшыс

Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм
и Адыгэ отделение
Мыекъуапэ 1975

С (Адыг)
Ж 32

Жанэ К. Х.

Ж 32 Дума девушки. Стихи, поэмы (на адыгейском языке), Майкоп, отд. кн. изд., 1975.
144 с.

Аужырэ илъэсхэм Жэнэ Къырымызэ ытхыгъэ усэхэмрэ орэдхэмрэ мы тхылъым къыдахьэх. Ахэм темэу къаIэтрэр, зэрэтхыгъэ шIыкIэхэр зэфэшъхьафых, ау шIум, дэхагъэм ренэу уфащэ, мыхъо-мышIагъэхэр, шэн дэйхэр шъхьаихыгъэу аумысых.

Хьахъурэтэ Шыхьанчэрые ехьылIагъэу поэмэрэ тибзылъфыгъэхэм афэгъэхьыгъэ стихкIэ тхыгъэу повестрэ сборникым дэтых.

Ж $\frac{7\text{-}4\text{-}3\text{—}11}{\text{М } 146\ (03)\text{—}75}$ 75—75 Ж 32

© Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм и Адыгэ отделение, 1975.



# АДЫГЭ ПЩЫIНЭМ СЕДЗIУМЭ

## САБЫИ ЩХЫ МАКЪЭМ СЫКIЭДЭIУКIМЭ

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Нэфшъэгъо жъуагъуи, пчэдыжь нэфылъи,
Тыгъэнэбзыеу чIылъэм щыуалъи
Сэ сагъэгушIоу санэIу къетаджэх.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Хьэсэ жъогъакIи, чъыгы тIэмыгъи,
Псыхъо джэгулэр къызыщежьагъи,
Къэгъэгъэ дахи хъоеу сэлъэгъух.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Зыфэсэщэи ным ыбгъэ шъабэ.
Джы къызнэсыгъэм ащ сегъэфабэ,
Ныр фэсакъыпэу сэ къыстеIабэ.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ
Уашъом икъаргъуи, гъэтхэ кIэракIи,
Тызэмызэщэу орэды жъынчи,
Тхьэркъо бын Iаси сэ сыгу къэкIы.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Нэнэжъ ыкокI сисэу къысщэхъу,
— Синэфыжъыер! — еIошъ къысаджэ,
Сэ къысфеIуатэ ишъэфы Iаджи.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Тикъоджэ сады ымэ къысэу,
Типсыхъо нашхъуи сесэу сыхэсэу
КъысшIошIы ычIи сэ сынэмысэу.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Щэлэмэ IэшIоу ным ыгъэжъагъэр,
Лъэпэды хъагъэу сэщ пай ыхъагъэр
Сапашъхьэ илъым фэдэу сэлъэгъух.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Кушъэ орэдхэр къызэхэсэхы,
ЩэпIэстэ IэшIур нэнэжъ къысфехьы,
Ожъубэнэ фабэм лъэпцIэу сыхахьэ.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Тэтэжъ ишысэ сыгу къэкIыжьы,
Ащ сэ седэIу семызэщыжьэу,
СелъэIу джыри къыIотэжьынэу.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Зэхэсхэу сшIошIы лIыхъужъ къэбарэу
Бэрэ сэ сятэ къысфиIотагъэр,
Бланэу сыхъуным сыфэзгъэсагъэр.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
ТищыIэныгъэ нахьышIу сэлъэгъу,
Тэ тисабыймэ насып гушIуагъор
Анэгу чэфымэ акIэсэлъагъо.

## КЪУАДЖЭМ ИДЖЭГУ

Адыгэ къуаджэм непэ инчэгу
ЩигъэкIотыгъэшъ мэфэкIы джэгур
Пщыни къамыли щызэнэкъокъу,
Мэкъэмэ миныр къырагъэтэкъу.

Пшъэшъэ зишIугъохэр зыкIылъэныкъоу,
КIэлэ къэшъуакIохэр джэгум ыныкъоу
МэзэныкъуитIоу къызэгупаплъэх,
Шъхьаджи къэшъощтышъ чэзыум паплъэх.

КIэлэ къэшъуакIом ишъуашэ лыдэу,
Чынэ уигъаIоу къытечэразэ,
Гу пахъэм ептымэ ыхьыщтым фэдэу,
Пшъашъэр ыужэу къытелъэразэ.

Утыгур псынкIэу къызэпикIухьэу
ХьатыекIо чаным макъэр кIешъыхьэ:
— КъэшъокIо кIалэр, къогъу уимыхьажьэу
Марджы хъужьын, о плъэгу тыкIэгъаплъ.

Джэрыпэджэжьэу ыгъэIоу макъэ
Пщынаом пщынэр зэлъегъэхьакъу:
ЗэфэкIо пхъашэр ащ къырегъэкIы,
КъэшъокIо лъакъохэр къызэкIегъэкIы.

Зыгъэлъатэри къызэраублэу
КъэшъокIо кIалэр къызэкIегъаблэ,
ЯныбжьыкIэгъур агу къагъэкIыжьэу
Жъыхэр къытехьэ зэкIэ-зэужэу.

— Псэпэ орэдэу-тIурытIу къашъор! —
АIошъ аIэты кIалэмэ уашъор.
Ахэмэ зашIы пшъашъэм аблыпкъэу,
ЗэкIэри къашъох чэфэу, яшъыпкъэу.

Адыгэ къуаджэм непэ инчэгу
ЩигъэкIотыгъэшъ мэфэкIы джэгур,
Пщынэо макъэр къыдэбыбыкIы,
Насыпыр дизышъ чэфыр дэIукIы.

## ТIУРЫТIУУСЭХЭР

* * *

Угу имылъыхэр къапIомэ,
Пфаушъэфыщтэп ар унэмэ.

* * *

Пшъхьэ нэмыкI о уимыIофымэ,
ШIу уалъэгъущтэп о цIыфымэ.

* * *

ЦIыфымэ нитIукIэ о уяплъы,
Ежьыхэр нэ минкIэ къыоплъы.

* * *

УбэнкIэ умынэкъуакъоу,
УлIымэ IофкIэ нэкъуакъо!



## ОРЫ ТИГЪУАЗЭР, ЛЕНИН!

1922-рэ илъэсым къуаджэу Гъобэкъуае (джы Теуцожьхьабл) адыгэ лэжьакIохэм язэIукIэшхо щыIагъ. РСФСР-м и ВЦИК иунашъокIэ 1922-рэ илъэсым июлым и 27-м адыгэхэм автономие къазэрэратыгъэри Октябрьскэ социалистическэ революциешхор илъэситф зэрэхъугъэри ягушIогъошхоу зэдагъэмэфэкIыгъэх, адыгэ лэжьакIохэм гуетныгъэ ин ахэлъэу В. И. Лениным письмэ фатхыгъ. Ащ ехьылIагъ мы къыкIэлъыкIорэ уситIур.

### *А П Э Р Э  П И С Ь М Э Р*

А мафэр хъишъэм хэхьагъэу къаIожьы,
Джы къызнэсыгъэм бэми къашIэжьы:
Гъобэкъое къуаджэм хэку зэIукIэ
ЦIыфыбэ хэтэу къыщызэIокIэ.
Адыгэ къуаджэмэ ахэр къарэкIы,
Орэды чэфыри пщынэм къеIукIы...
...Къуаджэ пэпчъ лIыкIо къызхегъэкIы,
Пэщэшхом фатхыщтыр къыреIотыкIы.
Лениным письмэр адыгэхэм фатхы,
ЯгухэлъышIухэр зэкIэ фыратхэ:
— О сэлам фабэ къыпфэтэгъэхьы,
Къуаджэхэр зэкIэ гушIом зэрехьэ,
Хэбзэ зэфэ шъыпкъэ тэбгъэгъотыгъ,
Шъхьафитныгъэм къытфепсыгъ итыгъэ.
Типэщэ лъапIэр о лъэшэу удгъашIоу,
Октябрэ мафэмкIэ о тыпфэгушIо!
ТыгукIэ хэтхыгъ тэ Совет хабзэр,
Уипартие ары, Ленин, тигъуазэр!
ЦIыф лъэпкъы ини цIыф лъэпкъы цIыкIуи
Зы гъогу тепщагъэх, зы яфитныгъи.
ШIуагъэу Октябрэм тэ къытфихьыгъэр
Тыхьазырыпс тэ къэтыухъумэнэу,

Сыд фэдэ пыими тэ тытекIонэу,
ИщыкIагъэ хъуми тпсэ дгъэIылъынэу!
ЦIыфы лъэпкъэу щыIэмэ тырягонэсэу,
Урысы ткъошхэр тиIэпыIэгъухэу
Тапэ едгъэхъущт тэ зычы-зыпчэгъоу.

*ЯТIОНЭРЭ ПИСЬМЭР*

Ягупшысэ дахэ къыраIотыкIэу
Адыгэмэ атхы письмэ кIэрыкIэу,
Ти Ленин, сыдигъуи о утигъусэу.
Адыгэ лэжьакIом о уригупсэу,
Унпартие лъэшп типкъэу пытэу,
ТырэкIо тыгупшоу уигъогу тытетэу.
Адыгэми яIэшъ щыIэкIэ тхъагъо,
Гъунэнчъ, ины, непэ ягушIуагъо.
Адыгэ шъолъырым гъэбэжъур щэуалъэ,
Ильич ижъуагъохэр хъущэу къыхаплъэ —
Фитныгъэ инхэр о къытэптынэу,
Тыбзэ итхылъи тэбгъэгъотыгъэу
Тиадыгэ макъэ чыжьэу джы мэIу.
ЛIышъхьэ хэдзыгъэхэм джы абгъодэсэу
Адыгэ лэжьакIор Москва щэхасэ,
Къалэм джы фэдэшъы къуаджэм итеплъэ,
Насыпыр хъоеу хыорэу щэуалъэ.
Адыгэ шъолъырым зиужьыжьыгъэу,
Ижъи икIали наспышIо хъугъэу,
Тэмэ лые пъхьадж ыгъотыгъэм фэд.
Пстэуми зэхядгъэхырэр пгъхьафит орэд.
Непэ тибзылъфыгъэ игъогу нэфынэшъ,
ЩыIакIэм къыхэщы идышъэ Iунэ:
Сабый цIыкIум апэрэ гущыIэу
Синанэм ыужы Лениныр къыIоу
Адыгэ унагъо пэпчъы регъашIэ,
ДахэкIэ, шIукIэ уигугъуи щашIы.
О уисурэти унэмэ арытэу
Унагъо пэпчъи ущыщэу уелъытэ.
О пцIэкIэ псэуиIи урами тяджэ,
Типчэгу инымэ уакъырэтаджэ.
Адыгэ чIыгум щыIужьырэп гъыбзэ,
ГушIуагъом пщынэхэр къегъэбзэрабзэ.
КъызэIутхыгъ тэ гъэбэжъум игъогуи.
Зэлъытэгъэпсы псэуалIэм идэгъуи...
Къыхьыщт щыIакIэм насыпи тхъагъуи,
Тэ тэшIэ, сыдигъуи гъогу иныр къины,
Ар дэгъоу ешIэ тицIыкIуи тиини,
Бдэдгощыщт тикъпни тигушIуагъуи,
Тыдэхыхэщтэп о уигъогу-лъагъуи.

## ДУНАЕМ ИДАХЭ БЗЫЛЪФЫГЪЭР ИГЪУНДЖ

Дунаем идахэ — бзылъфыгъэр игъундж,
Ащ тишIулъэгъу фешIы лъэмыдж.
Ымакъэ чанышъ жъгъырыум фэди,
Бзыоу къыхедзэ сыдрэ орэди.
Дэнэгъо шъхьацыри гохьэу зэрехьэ,
Хьарзэуи ылъэмэ зыкъарегъэхьы.

Дунаем идахэ — бзылъфыгъэр игъундж,
Ащ тишIулъэгъу фешIы лъэмыдж.
ЫIупшIэ тэпхэр къэгъэгъэ тхьапи,
ПIырыпIым фэдэхэр дахэу ыIапи,
ЫлъэкIэпIитIур хъэцыко джыгъи,
Пщэ фыжьым фэдэри итхьаркъо жэгъуи.

Дунаем идахэ — бзылъфыгъэр игъундж,
Ащ тишIулъэгъу фешIы лъэмыдж.
IIунлъэ тыгъэри угу къегъэкIы,
Тэ тищыIакIи къегъэкIэракIэ.
ГукIэгъэу хэлъыми жэхъо зэпыты,
Унэгъо лъапсэри ащ егъэпытэ.

Дунаем идахэ — бзылъфыгъэр игъундж,
Ащ тишIулъэгъу фешIы лъэмыдж.
Бзылъфыгъэм ыIэхэр — бзыу тэмитIуи,
Ынэпцэ шIуцIэхэр — пцIэшхъо кIэтIаркъуи,
Чъыгы ищыгъэми ыпкъ енэкъокъу,
Псэлъыхъо кIалэхэр ашыкъы фэхъу.



Дунаем идахэ — бзылъфыгъэр игъундж,
Ащ тишIулъэгъу фешIы лъэмыдж.
Ыгу къыдеIэу бзылъфыгъэр зыщхыкIэ,
Тыжьыны псыхъохэр джэгоу къежъукIы.
ЛIыжъи кIэлакIи зэрегъэплъэкIы,
Хъяри насыпи ащ къыпкъырэкIы,

Дунаем идахэ — бзылъфыгъэр игъундж,
ЗызшIолIы Iаджхэри ащ къегъэудж.

## СЭ СИОРЭД

Тэ тихэгъэгоу тянэм ычIапIэ
Ипэубл сэ сиорэды,
Зэкъошыныгъэу зынахьылъапIэ
ЩымыIэр — сэ сиорэди.

Уцы къэгъагъэу тыгъэпс зыхэлъыр —
Сыдигъуи сэ сиорэди.
Сабый цIыкIоу гущIор зиIуплъэр
Насыпышъ — сэ сиорэди.

Псыхъо Iупчъапчъэу блэчърэр тичылэ
Къежъыу сэ сиорэды,
Жъогъочъэ дахэу зэлъыутысэу
Быбырэр — сэ сиорэди.

Губгъо гъэбэжъуи тиогу къаргъуи
Игъусэх сэ сиорэды,
ШIулъэгъуныгъэм пытэу илъагъо
Техьагъэр — сэ сиорэди.

Пшъэшъэ дэхабэм яIуплъэ фабэ
ГущIуагъошъ — сэ сиорэди,
Амэкъэ чэфи якIокIэ шъаби
Гущэфышъ — сэ сиорэди.

Гур къэзыIэтэу адыгэ джэгур
Хъярышъы — сэ сиорэди.



Гъомылэр тизэу Iапэр типчэгу
Итышъы — ар сиорэди.

Тэ тихэгъэгоу тянэм ычIапIэ —
Ипэубл сэ сиорэды,
Зэкъошыныгъэу зынахьылъапIэ
ЩымыIэр — сэ сиорэди.

## ХЫГУБЖЫР

Хыгубжым ымакъэ гуихы,
Гумахэм ылъэхэр къыкIехы,
Исыджхэр шысэкоу егъэкIы,
МыжъуакIэр хъураеу ехъокIы.

Хыгубжым щымыщыр зыхедзы,
Къухьэхэр пхъэжъыеу зэредзэ,
Иорхэм о макъэр агъэIу,
Джы дэдэм къиущтых уагъаIо.

Хыгубжым тэ уанэр тетэлъхьэшъ
Тилъэгъумэ, ар зэкIэм мэIасэ,
ЗэрэтIоу ыкIуачIэ тIэ къехьэшъ
КъытфэIорышIэнэу тэгъасэ.

# ИЖАБЗЭ ПСЫНЭКIЭЧЪ КЪАБЗ

(Адыгэ писатель анахьыжъэу, Къэралыгъо премием илауреатэу КIэрэщэ Темботы фэсэтхы)

Чанэу икъэлэмыпэкIэ
Итхылъхэр дышъэу редыкIы,
Ныбджэгъуныгъэм игъунджэу
ШIу зыгу илъым зэлъеджэ.

Насыпым игъогу шIущэ
ЦIыфыбэр зэлъытырещэ,
ЦIыфыгъэм ар икIэщакIоу
ЗыхэгъэгулIэу цIэрыIо.

Шапсыгъэ пшъашъэм илIыгъи
Биболэт[1] идаушыгъи,
Анцокъо[2] ишIулъэгъу пыти
Инэплъэгъу ащ регъэубытэ.

Гъунэнчъэу ащ ицIыфыгъи,
Тыгъэпсэу накъылышIуагъи,
Хьалэлэу ащ къыддегощы,
Iушышъы тэ тызылъещэ.

ЫгукIэ Тембот ныбжьыкIэ,
КIэлакIэм фэдэу мэлажьэ,
Бжьыш1ошIы игъэшIэ дахэ
Хэгъэгоу янэм пегъохы.

Ижабзэ псынэкIэчъ къабзэу,
Тихэку тхакIомэ ягъуазэу,
Тэ тыбзэ къытфегъэбаишъ
Орденым ыбгъэгу зэлъебгъэ.

Къэгъагъэм пшъашъэр игъусэу
ШIулъэгъум псэ къыпегъакIэ,
Чэфылэу типпъэшъэ дахэх,
Шъуфэсакъ Тембот иплъакIэ.

Гухахъоу о уичылапхъэ
Уемызэщыжьэу тфэопхъы,
ПфэтэIо гъэ мин бгъэшIэнэу
Уипсауныгъи пытэнэу.

---

[1] Биболэт — романэу «Щамбуль» зыфиIорэм герой шъхьаIэу хэт.

[2] Анцокъу — «Шапсыгъэ пшъашъ» зыфиIорэ повестым хэт геройме ащыщ.

## БЭГЪАШIЭ УХЪУ ПШIОИГЪОМЭ

Бэгъашlэ ухъу пшlоигъомэ,
Къэгъагъэр шlу зэгъэлъэгъу,
Чъыгыхэр илъэсы къэсми
Уегугъоу пчъагъэу гъэтlысхьэ.

Бэгъашlэу ухъу пшlоигъомэ,
Нэшхъэеу о ущымыти,
Губжыным зыщыухъуми
Гушlопсыр нэгум кlэгъэти.

Бэгъашlэ ухъу пшlоигъомэ,
Шlулъэгъур lэкlыб умышlы,
Имашlо нахьри кlэбгъэстэу
Ащ иlэшlугъэ зэгъашlэ.

Бэгъашlэ ухъу пшlоигъомэ
Жъыныгъэм земыгъэлъахъэу,
Хъяр зыдэщыlэм зебгъахьэу
Кlэдэlукl пшъэшъэ щхы макъэм.

Бэгъашlэ ухъу пшlоигъомэ,
О ежъыу бзыу орэдым,
Мэзыри о зэмынэкlэу
Жьы къабзэм бгъэр къегъэlэт.

Бэгъашlэ ухъу пшlоигъомэ,
Нахьыжъым фэшl о шъхьэкlафэ,
Уншlуагъэ о къэкlохэщтымэ,
Ущымыс пкlэнчъэу зы мафи.



Бэгъашlэ ухъу пшlоигъомэ,
Лэжьэным о уемызэщэу
Дахэкlэ о пцlэ рягъаlуи,
Пэрытыкlэ закъыхэгъэщ.

## НЭФЫЛЪЫ ЖЪУАГЪОР ТИЛЪЭУЯН

Совет хэгъэгум тэ тырицlыфэу
Цlыфлъэпкъым игъогу къытфегъэнэфы,
Зэкъошыныгъэр тищылычыпкъэу,
Ар тэгъэпытэ пстэуми тишъыпкъэу.

Тихэгъэгу дахэу тэ тигугъапlэм
Тызэфигъадэу тэ тегъэлъапlэ,
Тфэмылъэгъукlэу ар къэтэплъыхьэ,
Теплъызэпытми нахь тыгу рехьы.

Совет хэгъэгум тэ тырицlыфэу
Iофым мэшlуачэр тэ къитэгъэкlы,
Дгъэпсыгъэр бэ тlоу тымыгупсэфэу
Псэолъэ шlыным етэгъэкlокlы.

Партием лъагъор къытфигъэнафэу
Тыгу илъы шъыпкъэм къытырегъафэ,
Нэфылъы жъуагъор тилъэуянэу
Жъогъо кlэкъэпсыхэр зэкlэтэгъанэ.

Лъэпкъы зэхэдзыр тимыlэжьыхэу
Насып къытфакlо зэпымыухэу,
Мамыр лъэмыджыр тэ тигъогупэу,
Нахьышlоу щыlэр ит тинэплъапlэ.

## ГЪОГОГЪУМ ДЖЭУАПЭУ ЕСТЫГЪЭР

Зы мафэ зыпакIэ сежьагъэу
Къысфэхъугъ лIы горэ гъогогъоу,
Лъэпкъэу сызщыщымкIэ къэупчIэ,
ТIэкIу згъэшIэгъуагъэ, ар шъыпкъэмкIэ.
— Адыгэмэ яхэку сыкъекIы,
Адыгэми сащыщ слъэпкъыкIэ.
— А лъэпкъым сэ апэу сыфэзы,
СыфэшIэлъ тэкIу макIэу щыгъуазэ...
Сэ хымэ хэгъэгум сыкъекIы,
ЗэкIэ гъэшIэгъоны сэрыкIэ, —
Гъогогъоу сфэхъугъэр къэлъаIо.
ЗэрэслъэкIэу гурысэгъаIо:
— ХэбзакIэм итыгъэ къатепсэу,
Адыгэхэр Кавказы щэпсэу,
Адыгэ лэжьакIом ичIыгу
Гъэбэжъур хьырэу щэзекIо,
Адыгэ лэжьакIом иIэгу
Насыпыр къыдэзэрэго,
Адыгэмэ яшэн-зекIуакIи,
ЯцIыфыгъэ дахэ зэхьакIи
Пушкиным тыридзагъ ынаIэ,
Лермонтовым ишIэгъуагъ аIо...
Адыгэмэ яшъошэ дыгъэ
Мы дунаир къызэпекIухьэ,
ЗэлъашIэрэ яшхыны шIыгъэ
ФашIэ иIэу Iуми еткIухьэ.
Адыгэм иунэ—уиунэ,
Адыгэм иIанэ—уиIанэ,
Узыфаем фэдизрэ уехьакIэ,
ПфишIыщтэп уигугъу ащ IаекIэ.
Дышъэ жъогъофыр абгъэгоу,
ШIу алъэгъурэр ежь яхэгъэгоу,
ЛэжьэкIуабэ сэ слъэпкъы ихъой,
Шъхьаджи къыухъумэрэр — нэхъой.
Адыгэм къин ухэфагъэмэ
ЛIыгъэ хэлъэу о къыбдегощы,
Узафэу Iоф ухэфагъэмэ
КъинышIэм ащ укъырещы.
Зы цIыфым зы цIыфыр ишхэпсышъ
Адыгэм цIыф лъэпкъхэр игупсэх,
Лъэпкъы зэхэдзыхэр ымышIэу
Зэкъошныгъэ IэшIум гу фешIы.
Адыгэм бзылъфыгъэм егъашIи
ЦIыфыгъэу фыриIэр зэлъашIэ;
Псэлъэжъым щызэхэтэхы:
«Бзылъфыгъэм шы хьылъэ фрадзыхы».
Адыгэ бзылъфыгъэм ыIапэ
Ренэу къегъэдахэ ынапэ,
ШIэныгъэ иными ылъапсэ
ИшIушIагъэ къызэлъыхэпсы.
Тиадыгэ пщынэ ымакъэ
Бзыухэри зэтырегъакъэ,
ТикъэшъокIэ дахи тиуси
Атырахы Iаджыми щысэ...
Адыгэ шъолъырым итеплъэ,
Къэгъэгъэ зэкIэу къэшэплъы.
Ти Советы жъуагъо шъхьащытышъ,
ЫIуас ар ежь пеIэны дышъэ.
Зэкъошныгъэм итыгъэ щепсэу
Адыгэмэ яI къэлэ гупсэ —
ЦIыкIуи ини зэдаштэу ягуапэу
Фаусыгъ а къалэм Мыекъуапэ.
А къалэр зэфэдэу къэтIэмы,
Иурам бзэпсыхэу инымэ
Уатехьэмэ гум зыщаIэты,

Ичъыгмэ жьы къабзэр къыуаты...
Псыхъуабэмэ адэгуащэу
Ыбгъукlэ речъэкlы Шъхьэгуащэ,
Икъушъхьэпсы сэлам къыуехы,
Шынэгъакlэр чlыгум пегъохы...
Адыгэмэ яжъыхэр алъытэ,
Агъэлъапlэ ащ ягулъытэ,
Орэдым фэlази къахэкlы,
Ящытхъуи хэгъэгум щекlокlы.
Тхэкlо-усакlохэр цlэрыlоу,
Жэбзэ купкlыр зэрагъэуlоу
Цlыфыгум къигущыlыкlыхэу
Къалъытэ адыгэмэ яlэхэу...
Уатемыкlохэнэу лlэбланэу
Батырхэр къызэкlэмыкlонэу,
Ацlэхэр дышъэкlэ тхыгъэхэу
Адыгэмэ пчъагъэу апlугъэх.
Ащыщ ахэм Шэуджэны Моси,
Гощэунаеу ащ ишъхьагъуси,
Хьахъуратэу Шыхьанчэрые,
Ищытхъу лъагэу дахьые...
Къоджэбэрдымэ я Мыхьамэти
Непэ нэс иорэд зеlэты,
Уай-уаеу Айдэмырыкъанэ
Егъашlэм титарихъ къыханэ.
Адыгэм ипшысэ-гупшысэ
Осэ иныр Горькэм къыреты:
«Адыгэмэ япшысэ шlагъо
Япсауныгъэ купс къегъэлъагъо».
Лъэгъупхъэу бэгъорэ тисады
Мичуриным гу лъарегъатэ,
Непэ тишъхьафиты орэды
Ымэкъэ чан зэлъэбыбатэ.
...Адыгэ пшъащъэхэр къэгъагъэу
Анэгу тыгъэпсыр ечъагъэу,
Хьарзэм фэдэу, кlо хъумэ есых,
Быныби нысэкlэ яхъуапсэ.
Тинэжъы-lужъыхэр зышlокlэ
Ахэр къэхъужьыгъэх кlэрыкlэу:
Темыкlыхэу анэгу гушlопсыр
Коммунизмэм зыкъыфагъэпсы.
Адыгэхэр алъэпкъыкlэ макlэ,
Ау ялlыгъэ иlэп гъунапкъэ,
Хэгъэгур гумэкlымэ — гузакlэх,
Пыим езэощтых яшъыпкъэу...
Андырхъуаем илlыгъэ кlуачlи,
Ти Нэхае идзэ зещакlи,
Тэ ти Шlуцlэу хы бгъэшхъо блани,
Топгъаоу Ацумыжъ лlы чани
Цlыкlуи ини ашlэх зэфэдэу,
Ацlэ лъапlэ хъугъэ орэдэу.
...Джащ фэдэу адыгэм къэбарэу
Апылъыр сигъусэ есэlо,
А пстэуми шlошlагъоу самбырэу
Ишъыпкъэу гъогогъур къядэlу...

## СЭ СЫРАБОЧ

Сэ сырабочышъ, ар сигушIуагъоу,
Миллионыбэм зыкIэ сыщыщэу,
Сэ коммунизмэм сыгу етыгъэу
Ащ чэщи мафи зыфэсэщэи.

Шылычым ишIуи сэ къэсэгъэчъы,
ГъучIым идэгъуи псэ пысэгъакIэ,
Завод кIэракIэу сшIыгъакIэм ипчъэ
КIэу машинабэ къыдэсэгъэчъы.

Сэ сырабочышъ, сыIэужьырэу
Жьы къухьэ иным къыщыублагъэу
Бгъэхэ Iу цIыкIум, мастэм нэсыжьэу
Лъэгъупхъэу сIитIо сэ ясэгъэшIы.

Сэ сырабочышъ, дэхабэ сэIу:
МэшIокоу чъэрэм сэ сцIэ къырeIо,
Моторы пэпчъ сыгу къыдытео,
Комбайнэм тесым орэд къысфeIо.

Совет унагъоу тэ тиIэм пэпчъы
СиIэшIэгъабэ арыолъагъо,
Ахэр сэлъытэ, сшъхьэкIэ къэсэпчъы,
Ахэм яшIуагъэ — сэ сигушIуагъо.

ЛъэмыджырыкIым ыгуи сыкъэкIы,
Сыхьатыгъэпсым сIапэ къеубыты,
СишэкIы шъагъэ агу еIугъэшъ,
ЦIыфыбэ гушIоу сэ къыспэгъокIы.



Сэ сырабочышъ, Iахьылы благъэу
Мэкъумэщышlэр сфэхъугъ бэшIагъэу,
ТIуми зы лъагъош тызытехьагъэр
Быракъы плъыжь тэ дэтIэтэягъэр.

Чылъэм ынапэ зэлъигъэдахэу
Псэолъэ жъугъэ къэсэгъэшэсы,
СшIагъэр икъугъ джы сэ сымыIуахэу
НахьышIоу хъущтым сыкъегупшысэ.

Сисэнэхьаты насып къысфехьы,
ШIушIагъэу сиIэм сегъэлъэрыхьы,
Сэ сипкIэнтIэпси сыкIэгушIужьы,
Зэхахъошъ хъярэу дышъэу мэхъужьы.

Сэ сырабочышъ, ар сигушIуагъоу,
Миллионыбэм сшъхьэкIэ сыщыщэу,
Сэ коммунизмэр сыгу екIугъэу
Ащ чэщи мафи зыфэсэщэи.

## АДЫГЭ ПЩЫНЭМ СЕДЭIУМЭ

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Шъхьагуащэ къызэрэушъи,
ПкIашъэхэр зэрэIушъашъи
Амакъэ къызэхэсэхы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Бзыумэ яорэдыIуи,
Къамылым къызэрэхидзи
СтхьакIумэ псынкIэу къыредзэ.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Гъэтхэпэ ощхэу шъэбабзи,
Шъоупсэу ным игъэшIуабзи
Амакъэ къызэхэсэхы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
ЦIыфымэ ягушIо чэфи,
Iэхъогъухэр зэрэзэрафи
Амакъэ сэгъэунэфы.

Адыгэ пщынэм ымакъэ
Хьатх я КъокIасэ итхыди,
Хьатырамымэ я Пакъи
КIэрыкIэу сыгу къагъэкIыжьы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Пшъашъэмэ яшъэбэ кIуакIи
Ти «Налмэс» икъэшъуакIи
ПсынкIэу сызIэпащэ.



Адыгэ пщынэм ымакъэ
Тыгъэ нэбзыйхэр зэлъещэ,
КъэшъуакIор пчэгум тырещэ,
Зэфэе цIыфхэр зэфещэ.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Жъогъуачъэм илъэгъо нэфи,
Мэзымэ яджэрпэджэжьи
СанэIу къырагъэтаджэ.

Адыгэ пщынэм ымакъэ
Пфэмыхъоу узэлъегъэкъы,
ЖэкIэфэу лIыжъ тIысыжьыгъэм
ИкIэлэгъу ыгу къегъэкIыжьы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ
ЩыIакIэр нахьы кIэракIэу,
Жъыхэри нахьы ныбжьыкIэу
Хъугъэшъы нафэу сэлъэгъу.

## ЦIЫФ ПЫЙ ЗИМЫIЭР—БЭГЪАШIЭ МЭХЪУ

Пый уимыIэмэ умылIы шъыпкъэу
Нэбгырэ зытIу аIоу зэхэсэхы,
Сапэуцужьы ахэм сишъыпкъэу:
— Пый зиIэр щэIэ мыгупсэфыхэу,
Ичэщи имафи ащ егупшысэ,
Пыеу ышIыгъэр пкIыхьэу елъэгъу,
Къифэми ыпэ нэкIэ едысы,
Ащ фэдэ цIыфым сэ сыгу егъу:
ЫшIыгъэ пыймэ пасэу агъэжъы,
ЗигъэцIыкIужьэу, имыщыкIагъэу
АфишIыгъ пкIэнчъэу ащ хьажъы-гужъи...
Ышъхьэ фимытэу мэхьачъэ-бгъучъэ,
ЫшIи ымышIи тео ар ипчъэ:
— Сырафын агу хэлъ Iаджыми нэпчы,
АщыкIэ макъэ сэ шъосэгъэIу...
— Сыдэущтэу пыйхэр пфэхъунэу хъугъа?
СеупчIыгъ пыйхэр сиIэх зыIуагъэм.
Зэ шъукъедэIолъ сызхэдэIуагъэм:
— Зыр къыстехъупкIэу пкIыхьэу слъэгъуг
Адрэр щыубагъ аIуагъ сакIыбкIэ,
Ахэт зэ закъуи къысщымытхъугъи,
Дагъоу сэ сиIэр къысэзыIуагъи...
Зэ моу къэуцолъ, пый лъыхъоу хэтыр,
Угу иубыт сэ о къыосIощтыр:
Джырэ тихэгъэгу — Советы быныр
Зыны къылъфыгъэ фэдэу мэпсэу,
ЕкIужьрэп джы ащ пый щыуиIэныр
Пый уфаеуи ущылъыхъуныр.



ЦIыф пый зимыIэр — бэгъашIэ мэхъу,
Ащ ежь дунаир нахь дахэу щэхъу.
ПынпIыр — мысэ сыдигъуи лъэшэу,
Ащ фэдэр лъытэ — мыцIыфы Iушэу.

## ШIУЛЪЭГЪУМ ЕХЬЫЛIЭГЪЭ ЕДЗЫГЪОХЭР

* * *

Уахътэм чъыгыр къэпы ешIы,
Ау шIулъэгъум зи фемышIи.

* * *

Уахътэм ипхъэх мыжъом ехъо,
Ау шIулъэгъум къеуцэку.

* * *

ЧъыIэм псыхъор зэлъегъэщты,
Фэмыгъэщтрэр — шIулъэгъуныгъи.

* * *

Огъум псыхъор регъэгъукIы,
Ау шIулъэгъум къыщимгъакIи.

* * *

Уахътэм мыжъори егъэжъы,
Фэмыгъэжъэрэр шIулъэгъуныгъи.

* * *

Фабэм мылыр зэлъегъэткIу.
ФэмыгъэткIурэр шIулъэгъуныгъи.

## ЖЪЫГЪЭМЭ ШЪХЬЭКІАФЭ АФЭШЪУШІ

(НыбжьыкІэмэ афэгъахьыгъэ гущыІ)

Сыдигъуи шъхьэкІэфэныгъэ
Пхэлъымэ ар насыпыгъэ,
Епхымэ жъыгъэм цІыфыгъэ,
Лъэубэкъу дахэ о пшІыгъэ.

Зижъыгъэ зыгъэпыутэу
ЩыІэхэр нэпэтехыжъых,
Зижъыгъэ гу лъызымытэу
Хэтыхэр агукІэ жъалымых.

Жъыгъэм иІуагъэ уедэІумэ,
УиІофхэр нахь къыпфэпсынкІэ,
ПшъхьэкІэ шІушІагъэу уиІэми
Ахахъо плъэгъоу, хэпшІыкІэу.

Зижъыгъэ дэдзых зышІыгъэ
Пстэуми яІэп цІыфыгъэ,
Зыгъэпыутрэм зижъыгъэ
Ежь ышъхьэ еулъэгужьы.

Жъыгъэри зэ ныбжьыкІагъэ,
НыбжьыкІэм жъыныгъэр къежэ,
Нахьыжъмэ шІу зяжъугъэлъэгъоу
ШъукъадекІокІых ащ дэгъоу.

Нахьыжъым уешІушІэ хъумэ,
Щиз хахъо фэдэу къыпцэхъу,
ЗыгъэгушІощтыр фэпшІэшъумэ
Нахьы бэгъашІэу ар мэхъу.



Нахьыжъым шъхьэкІафэ фэпшІэу
БгъашІомэ — оугушІужьы,
Ухъумэ ори бэгъашІэ
ШІоу пшІагъэм къыпфегъэзэжьы.

## ТЭТЭЖЪЫ ИЛЪЭІУ

ТиІ тэ тэтэжъ горэ гъунэгъоу,
Тишъэфхэр зэтэІо шъхьаихыгъэу...
Москва сэ зымафэ сежьагъэу
КъысеІо стамэ къытеІагъэу:
— Сишъао, пфысиІ зы лъэІу горэ,
ГъэцакІи сыпщытхъущт сэ бэрэ.
А гухэлъыр зысиІэр бэшІагъэ...
Сэри ар сшъэ ифэщтыгъагъэ,
Ау сынэмэ дэеу алъэгъу,
Жъыгъэри сэ къысэцэгъу...
Мы ахъщэр сэ сыугъоигъэшъы,
Щэфыри къэгъэгъэ нэлъишъэ
Мавзолей иным сфехьылІи,
Дэхэ-дахэу сфегъэІылъылІ о...
Ау ащ ыпэрапшІэу сфытетхэх
ЗэкІэ къыосІорэ гущыІэхэр:
«Ти Ленин гупсэ фэшІыкІэ,
Адыгэ лІыжъым мыр ыцІэкІэ».

## ДЖЭНЭТ ЩЫIЭМЭ, ТИХЭГЪЭГУ—ДЖЭНЭТ

Тыгъэ къохьэпIэ хэгъэгухэр
КъахэкIы зышIоджэнэтхэр,
Баижъхэр ащ рэгущыIэх,
ЗышIошъ хъухэри щыIэх.

КъэскIухьагъ къэралы пчъагъэ,
Сыдэхьагъ къалэу Гамбурги,
Слъэгъугъэх Копенгагени,
Стокгольми ыкIи Гааги...

Ау сыгу къяIугъэп ахэмэ:
СэрыкIэ къалэу слъэгъугъи,
Хэгъэгуи зэкIэри хымэ,
Сяплъыфэ сыгу цIыкIугъэ:

Уиджыбэ дышъэ имылъмэ,
ЦIыф лыеу ащ уащалъытэ,
УмылIэкъолъэшэу ущытмэ,
Нэмыплъи ащ къыщыуаты.

Сымаджэу ащ узыщыхъукIэ,
Iазэм щемытмэ ыпкIэ,
Минрэ угу уеIэжьыгъэкIи,
КъыоIэзэщтэп улIэнкIи.

Тэ тихэгъэгу ащ дэжькIэ
Лъытэ джэнэт шъыпкъэкIэ:
ЫпкIи ышъхьи зи хэмылъэу
Iэзэгъуш1у о къыщыуаты.



Жьы къабзэ къапщэ пшIоигъоу
УкIоу мэзым ухахьэмэ
Ар зыем ыIэ укъыгъэу
— ЫпкIэ къэт! — еIошъ къынэсы,

Тэ тихэгъэгу ащ дэжькIэ
Лъытэ джэнэты шъыпкъэкIэ:
Зэдитый тимэз быраби,
Ащ пай униIэщтэп уиджыби.

Янсыхъо ухэхьан хъумэ
КъакIохэшъ ыпкIэ ащ пIахы,
Пцашэу янэпкъ уIусымэ
УIуафы ыпкIэ ямытмэ.

Ащ дэжькIэ тихэгъэгу тхъагъо,
ТэрыкIэ зэкIэри Iагъо:
Тынэмэ зэкIэ алъэгъурэр
Тэры зиунэе шъыпкъэр.

Яжь зыIупщэнкIэ онтэгъу,
Ащыгъабл цIыфы гукIэгъур,
Шъхьаджи шIоIофэу иторбэ
Къыфэутхьакъуцтыр реубэ.

Дунаим джэнэт тетымэ,
Тихэгъэгу ары джэнэтыр,
ЦIыфы лъэпкъэу мыщ исы пстэумэ
Зыфаер зэкIэ щагъоты.

Хымэ хэгъэгухэр пштэмэ,
ЕджэпIэ инэу арытмэ
ТхьамыкIэр япчъэ дагъэкIэрэп,
Гъэсэныгъэ лъапсэм нагъэсрэп...

Тикъэрал дышъэ ащ дэжькIэ
Лъытэ джэнэты шъыпкъэкIэ:
Насыпыр къыттыреIакIэ,
ЩытиI ащ хъуау-пщау щыIакIэ.

Тыгъэ къохьэпIэ хэгъэгухэр
КъахэкIы зышIоджэнэтхэр,
Банжъхэр ащ рэгущыIэх,
ЗышIошъы хъухэри щыIэх.

КъэскIухьагъ къэралы пчъагъэ,
Сыдэхьагъ къалэу Гамбурги,
Слъэгъугъэ Копенгагени,
Стокгольм ыкIи Гааги...

Ау сыгу къяIугъэп ахэмэ:
СэрыкIэ къалэу слъэгъугъи,
Хэгъэгуи зэкIэри хымэ:
Сяплъыфэ сыгу цIыкIугъэ.

Дунаим джэнэт тетымэ,
Тихэгъэгу ары джэнэтыр:
Цıыф лъэпкъэу ащ исы пстэуми
Зыфаер зэкIэ щагъоты.

## УЛIЭУ ПАIО ПЩЫГЪЫМЭ

УлIэу паIо пщыгъымэ,
УлIэу пакIэ птетымэ,
Аужэу зымышIэу
Сыдигъуи о шIу шIэ.

УлIэу зыолъытэмэ,
ЛIыгу унIэу щытымэ,
Уапцымыхь бзылъфыгъэмэ,
Агу имых сабыймэ.

УлIэу паIо пщыгъымэ,
УлIэу пакIэ птетымэ,
Пцıыр гъусэ умышIэу
Шъыпкъэр уерэгъусэ.

УлIэу пакIэ птетымэ,
УлIэу паIо пщыгъымэ,
Шъэогъуи ныбджэгъуи,
Гъунэгъуи шIу лъэгъу.

УлIэу зыолъытэмэ,
ЛIыгъэ пхэлъэу щытымэ,
КIемыгъэх унэгу
О зычъыIэрыми.

УлIэу паIо пщыгъымэ,
УлIэу пакIэ птетымэ,
Пшъхьэ ущымытхъужьэу
Лажьэ Iэужьырэу.

УлІэу узэплъыжьымэ,
Пшъхьи о олъытэжьымэ,
УицІыф лъэпкъы пае
УмыпІэ о Іае.

## МЫ ДУНАИР ГЪЭШІЭГЪОНЫ

Мы дунаир гъэшІэгъоны:
ГугъуемылІыр ащ къыщенэ,
Ухъупхъэмэ, ащ удэхъу,
Уимуради о къыбдэхъу.

Мы дунаир гъэшІэгъоны:
Ащ тезагъэ цІыкІуи ини,
Дахэ пІомэ — къыуаІожьы,
Мыжъоу удзэрэм уІокІэжьы.

Мы дунаир гъэшІэгъоны:
Инышъ-ины ащ иІанэ,
ЛэжьакІохэр ащ ехьакІэ,
ЦІыф мышъхьахым иІ щыІакІэ.

Мы дунаир гъэшІэгъоны:
ГугъуемылІыр ащ къыщенэ.
Ухъупхъэмэ, ащ удэхъу,
Уиморади о къыбдэхъу.



## ХЪЯРКІЭ ТЫТЕХЬЭ

(ИлъэсыкІэм ехьылІагъ)

Осы пхъэпхъэ шъабэр къелъэсы,
ИлъэсыкІэр ишы къешэсы,
Насыпыр ащ кухьэу къытфещэ,
НыбджэгъушІоу тызыІэпещэ.
Унэгъошъхьэ пэпчъы гушІуагъор
Гухахъоу арыолъагъо,
Жъэрымэр зэфэдэу къарехы,
Шхыныгъуиблыр ащызэблахы,
Ныбджэгъуи гъунэгъуи зэкІэ
Джы зэпэгъокІых Іаплы къорэгъыкІэ.
ЗэфэгушІох жъонэкІо пащи,
Зидахэ аІорэ чэмыщи,
Сымэджэщым иІэзэ шІагъуи,
КІэлэегъадж языгъэІуагъи...
Іанэм итхьэматэу тэтэжъыр
Плъэмэ, гъэшІэгъоныр елъэгъу:
Ишъэогъу ЩтыргъукІы Лыжъыр
Елкэ чІэгъым къыщенэкІао.
Чъыгы шхъонтІэ цІыкІур кІэракІэу
Дышъэпсыр къыпэкІутыкІы,
Жъогъо плъыжьыр ышыгу щэсысы,
Мазэри тыгъэри къахэпсы.
Елкэ фэпагъэр япчэгоу
ЛэучэцІхэр япъыпкъэу мэджэгу,
Мышъэжъыр гъуахъозэ мэушъэ,
Бэджэжъыс цІыкІури къэкІуашъэ,
Шъыхьэ чъэрылэри къыкъокІы,
ТхьакІумкІыхьэ цІыкІури къэхьапкІэ...
...Пшъашъэмэ чэщдэсхэр зэлъашІы,

Псэлъыхъо гугъухэри зэфашIы,
Ягухэлъ IэшIухэр шъэф-шъэфэу
ЗэфаIуатэх яшIугъоу, чэфэу...
Тэтэжъыми ыпакIэ егъэщы,
МэкIэ-макIэу орэд къыхещы,
УмышIэжьэу нэнэжъи Iэжь-лъэжьэу
Пшъэшъэ ягъэщэнэу зэупхъужьы:
МакIощъы гъунджэшхом ар еплъэ,
Джэнэ кIэпсыбзэри зыщелъэ...
ИлъэсыкIэр илъэсы мафэу
Адрэмэ анахьы чэфэу
ЗэфэдэкIэ гъэбэжъу уалъэу
Зэрэхъунэу тхьэматэр къэпсалъэ:
— Тикоци зэфэдэу бэгъонэу,
Хьамбарымэ арымыфэжьэу
Сэмэ лъагэу зыкъаIэтынэу
Ушъэгъэнэу тихэгъэгу Iанэ...
— Тибылым Iэхъогъухэр хыорэу
АлъэпкъыкIэ дэгъу зэкIэнхэу,
Гъэщыри хым фэдэу къэчъэнэу
ЕтэIуалIэ фашIэ нIэнэу...
— Къалэхэм, къуаджэхэм ятеплъэ
Джыри бэкIэ нахьы кIэракIэу,
Орэхъух лъэгъупхъэу зэикIэу...
— ЖъокIупIэхэр къопэтемынэу,
Ныбжьырэмэ анахьэу бэгъонэу,
Ащ пае хъохъубжъэр сэIэты,
ЛэжьэкIо бланэми есэты.
— Тихэгъэгоу хъяры къэкIуапIэр
Джыри нахь баеу орэхъу,
ЦIыфлъэпкъым а игугъапIэр
Псаунэу бжъэ мафэм сехъохъу...
— ЧIынэлъитфыр орэмамыры,
Ар зифедэр, цIыфыхэр, тэры.
ХъяркIэ ИлъэсыкIэм тыхахьэх,
Гъогу мэфэ шъыпкъэ тытехьэх!



## СЭЛАМ ЯСЭХЫ

Гъэбэжъум лэжьакIоу
КIэщакIо фэхъугъи,
ИшIуагъэ къыгъакIоу
Iэхъогъур зыIыгъи,
ЗгъэлъапIэу, згъэшIуапэу
Сэламыр ясэхы.

Зышъхьацхэр къэраби,
Сабыеу Iушъаби,
Бэрчэтэу типсыхъуи,
Тисадэу зыхахъуи —
Сэламыр ясэхы.

Гохь дэдэу огу къаргъуи,
Щылычыр зыуIуи,
Орэдыр къэзыIуи
Фэбагъэр къыхихэу
Сэламыр ясэхы.

Батырэу дзэкIолIэу
Къулыкъум ехъулIи,
Блэнагъэр зигъусэу
Жъуагъомэ яшэси —
Гулъапсэм сэ къисхэу
Сэламыр ясэхы.

Къиныгъом пэшIуекIуи,
Шъхьахынагъэм къытекIуи,
МорадышIу зышIыгъи,
Быракъыр зыIыгъи

Гу фабэм къыпыкIэу
Сэламыр аIокIэ.

Унагъом ылъапси,
Зэпстэумэ ягупси,
Къэзщагъи дэкIуагъи,
УнакIэм чIэхьагъи
Игъусэу систихы
Сэламыр ясэхы.

## ХЭКУМ ИДАХЭ КЪЫЩЕЖЬЭ

(Псэйтыку къуаджэр)

Адыгэ хэкум идахэ
Псэйтыку гъунэм къыщежьэ,
Чъыгыбэу икъоджэ кIахэ
Щытыхэр жьыбгъэм зэлъежьы.

Псэйтыку ыгупэ фабэ
Сэ бэрэ сыкIигъэлъыгъ,
ДэнапIэу икушъэ шъабэ
СигъашIоу сыхигъэлъыгъ.

Мэзы ныбжьыкIэр икIэи
Зэдиштэу дахэу къыщэкIы,
Гъэтхапэм ащ ихэгъуашъхьэ
Къэгъэгъэ Iуашъхьэу къэлъагъо.

Пщынэхэр зыгъэгущыIи,
Бзыум фэдэу орэд къэзыIуи,
Пшысэ Iотэным фэIази
Псэйтыку къуаджэм бэу дизи.

Псыхъори ащ къеIущъашъэ,
Ипщыджы копыр къеушъэ,
Ухэгъэпплъыхьэу пшъэшъабэ
Зыдэсыр ти Псэйтыкуба!
Адыгэ къуаджэу Псэйтыку
Насыпыр джы къыдэтакъу,
Къуаджэхэм ауж къыпмыпэу
Къалэми ипэкъокъужьы.

## ШХЫНЫ ПСТЭУМИ АНАХЬ ІЭШІУР

Шхынэу щыІэм анахь ІэшІур
АІошъ кІэлитІу зэнэкъокъу,
Зым къеІуатэ: «АнахьышІур —
Къурамбыир ары, такъоу...»
— Хьау! — ишъыпкъэу адрэм къеІо,—
Псы хьалыжъор анахь гоІоу,
Анахь ІэшІоу сэ сэлъытэ,
Бэ дэдэми ащ гу лъатэ!
— ПшІэрэп, пшІэрэп зи ащыгъум
Фэдэ щыІэп къое гъугъэм, —
Зым ІэутІэ дишІэу къеІо, —
Сыфай ар о къыбгурыІо.
ЯтІонэрэм ар ымыдэу
Лъэшэу къеІо орэд фэдэу:
— Шхыны пстэуми шъоур апшъэ,
ШІу алъэгъу цІыфи мышъи...
— Зэ къэдаІолъ, о сиблагъэ,
Шхыны дэгъур: мэл гъэжъагъэр,
Іум иткІухьэу щыпсы дэгъур...
Щысыгъ зы лІыжъ ащ ядэІоу,
ЩхыпцІэу яплъэу зи къымыІоу.
АриІуагъ ащ адэжь Іухьи
(Иджэуап ащ сыгу рехьы):
— Угу зэІоу шхынэу пшІошІур
Ары пстэуми анахь ІэшІур.
Ным ышІыгъэ шхыны шІагъор
Ары пстэуми анахь дэгъур!

Сыд ащ, кІалэх, ешъуІуалІэра?
Анахь ІэшІур шхынмэ тара?



## ІУАГЪЭ ТЭЖЪУГЪЭШІЫ

Хъызыр щэІэфэ,
Ылъэ тетыфэ
Ищытхъу аІоныр
Тефэщтыгъ бэрэ.
Ау ыгу теофэ,
ЫІпсэ пэтыфэ
Ищытхъу аІуагъэп,
Ыгу къаІэтыгъэп.
Имылэжьахэу,
Имыхьакъыхэу
СэшІэ сэ пчъагъэрэ
Зэраубыгъэр,
Ащ нае ыгуи
Имыузыгъоу
Бэрэ узыгъэ.
Арарын фае
Игъонэмысэу
Дунэе нэфыр
ЗыкІихъожьыгъэр...
Джы ащ ныбджэгъоу
ИІагъэр зэкІэ
Купэу зэкІыгъоу,
Іанэм яшІугъоу
Іусыхэ зыхъукІэ
Макъэр къаІэты,
Ищытхъу аІуатэ:
— Хэлъыгъ шІогъабэ...
— ИІагъ гуфабэ...
— Шъэогъум фэшІы

ЗэкIэри ыпIэу
ЩыIагъ хьалэлэу,
Ыпсэ емыблэу...
— ШъыпкъагъэмI пае.
КъызэкIэмыкIоу
ЩыIагъ ар зафэу,
ПцIыусым пекIоу...
ЦIыфыр щэIэфэ
Мы чIым тетыфэ,
А купыр, сэIо,
Тыдэ щыIагъа,
Ахэр бзэмыIоу
Сыд пай щытыгъа?!
ЦIыфыр щэIэфэ
Ыгуи теофэ
Джы щытхъу бащэу
ФаIорэм щыщэу
Ежьым ышъхьэкIэ
РаIотэгъагъэмэ
ЫтхьакIумитIукIэ
Зэхихыгъагъэмэ,
ИгъашIэ бэкIэ
Нахьи нахь кIыхьэу
ХъунгъэкIи мэхъу
(Дунаем бэу щэхъу).
Арэу зыщыткIэ,
Зэфагъэм фэшIкIэ,
Тэ тызэрэшIэу
Iуагъэ тэжъугъэшIы:
ЦIыфыр щэIэфэ,
Ыгу къытеофэ
ШIуагъэу ежь хэлъыр
Зытетым тетэу
Лые хэмылъэу
Ыгуи къэтIэтэу
ЕтэжъугъэIуатэх...



Зи ащ ишIуагъэ
НэмыкI къэкIощтэп,
Пасып гушIуагъо
Фэшъхьаф къыхьыщтэп.
ЩыкIагъэ иIэми
ХэшъумыушъафэуI
ХэтыкIи пафэу
ЕшъуIо пэиутэу,
Ащ пае хэти
Хъущтэп пыутэу.

## ШЪЫПКЪАГЪЭР — ЦIЫФЫМКIЭ ПКЪЭУ

Шъыпкъагъэм ылъапсэ пытэ,
ЦIыфыгъэр лъагэу еIэты,
Алъытэу сыдигъуи щыIэр —
Шъыпкъагъэр гъогупэу зиIэр.

ШъыпкъаIом насып еуIу,
ГушIуагъоу игъогуи мафэ,
Фэшъуашэу щытхъуи фагъэIу,
ЦIыфыбэм аIо: «Ар зафэ».

Осэпсым къуашъор щызыфэу
ЩыIэхэр япцIы IокIэжьы,
Шъыпкъагъэр зышIомыIофэу
Хэтыхэр ежь зэгоожьы.

ШъыпкъаIом къарыу лые
Шъэогъу шъыпкъэу егъоты,
ПцIыусым ышъхьэкIэ лые
Зэрихзэ, ежь зыреуты.

ПцIыусым иIоф къимыкIэу
Ылъакъо кIэкIышъ жьым рекIы,
Шъыпкъагъэр — цIыфымкIэ пкъэу,
Шъыпкъэр зигъусэр—цIыф шъыпкъэ.

Шъыпкъэ зимыIэм цIыфыгъэр
УлъэгукIаеу еулъэгу,
Ежь игущыIэу ытыгъэр
Еукъошъ пчэгум ар къенэ,



Шъыпкъагъэм дэхызэпытэу
Тхэтыхэр тэ гъэнэфагъэ,
ЗиIуагъэ жьыбгъэм езытэу
Къэхъугъэр щыIэзэ лIагъэ.

## СЫФАЕП АЩ ФЭДЭМ СIАПЭ ЕСТЫНЭУ

УишIугъо хъумэ шъэогъу уешIы,
Ыгу имылъыхэр илъэу ишIуегъэшIы,
Къин къыпфыкъокIымэ осэпсым фэдэу
ОшIэ-дэмышIэу зэкIэм мэкIоды.
Сыфаеп сэ ащ фэдэм сэлам есхынэу,
Сэ фэсщэини сIапэ естынэу.

КъыбдэгущыIэзэ ынитIу егъаплIэ,
ПцIы ымыусымэ мэхъу чъыIалIэ,
ГущыIэ дыскIэ дыдэу мэутфэ,
Ащ фэдэм ыбзэгу къипчыныр тефэ.
Сыфаеп ащ фэдэм сэлам есхынэу.
Сэ фэсщэини сIапэ естынэу.

Уапэ къызифэкIэ къыпиэгушIуатэ,
УакIыбэу хъумэ бжымыр къеIэты,
Бжъэ зыфэпщэйкIэ ар къызэкIаблэ,
Уищытхъу лыягъэу къыIоу еублэ.
Сыфаеп ащ фэдэм сэлам есхынэу,
Сэ фэсщэини сIапэ естынэу.

## ЛIЫЖЪ ЩТЫРГЪУКIЫМ ИТЫН

Тисабыйхэр жъогъо бынэу
Елкэм чэфэу Iузэрэнхъэх,
ЛIыжъ ЩтыргъукIыр ащ ятэнэу
ШIухьафтынхэр къызыдещэх.
ИIалъмэкъ ащ ушъэгъае,
Илъыр хэткIи къэшIэгъуае,
ЛIыжъ ЩтыргъукIыр джы къэушъы,
Елкэм нэсышъ макъэ ешъы:
— IэшIу-IушIу фаер хэта?
Нысхьапэхэр хэт естыщта?
ГушIоу цIыкIухэр къыпэгъокIы,
ИIалъмэкъ ащ къыфаунэкIы.
Яхэгъэгоу — янэ гупсэ
Бзыоу быбэу, чыжьэу нэсэу
Орэд дахэ къыфаусы:
— КIали пшъашъи насыпышIоу
Оры, хэгъэгу, тызышIыгъэр,
Непэ тиIэ щыIэкIэшIур
Оры тэщ пай зыгъэпсыгъэр.
Ащ фэшI пстэуми тыгу къыддеIэу
Опсэу, хэгъэгу, тэ отэIо.
Къэплъэгъущт о тиIэшIагъэ,
Хэдгъэхъощт тэ унгъэхъагъэ.

* * *

ЧIынэлъитфыр зэпигъаджэу
ИлъэсыкIэр тэ къытаджэ:
— Сэлам фабэ къышъосэхы,
Насып хэти пэсэгъохы.



Зэ шъудаплъэшъ сипхъотачIэ —
ДэIэкIагъэр насып закIэшъ,
ЛэжьакIомэ ясэпэсы,
Ахэм тыгъэу сакъыфепсы...
Унэ пэпчъы дахэу ипчъэ
Сытеозэ сэ къэсэичъы:
«Мамырныгъэр шъунгъогогъоу,
ШъущыI, шъупсэу, шъо шъуишIугъоу,
Шъуипсауныгъи пытэ хъунэу
Шъуезыфаер къыжъудэхъунэу
ЦIыкIуи ини сышъуфэхъохъу,
ХъяркIэ бжъэмэ арыжъугъахъох...
Тэ тиIанэ зэгъэфагъэу
Шхыныгъуиблыр теIэкIагъэу
Илъэсыжъыр итэгъэкIы,
ИлъэсыкIэм тыпэгъокIы.
Мы дунаир къагъэдаIоу,
ЯгушIуагъохэр зэраIоу
Зышъхьэ фит цIыфмэ лорэди
Мэкъэ минкIэ къызэдаIо:
— Ленин пащэу тэ тигъуазэм
Коммунизмэм тыгу фегъазэ,
Ыпсыхьагъэу партие зафэм
ЦIыф лъэпкъыбэр егъэразэ.
Зыгу къабзэу чIышхом тетым
Пытэу ыIэ тэ тэубыты,
Мамырныгъэм зыгу етыгъэм
Игъоу тыгъэр къыщэшIэты.
СССР-м игъогу пытэ
Илъэсыбэу къэтэлъытэ.
Тыдэмыхэу ащ тытетышъ
Тэ насыпыр тетэгъуатэ.
ЦIыфылъэпкъым игъогу лъагъо
Къыщынэфрэр тэ тижъуагъо.
ТиIэшIагъэ Марсы нэсы,
Сыдрэ жъуагъуи тыгу лъэIэсы.

Хьэсэ инхэр гъэбэжъулъэу,
Хэу лэжьыгъэр ащэуалъэ,
ЧIыгу бзыхьафи къэтымгъанэу
Тыдэлажьэ къытшъхьапэнэу,
Къали къуаджи зэпэкъокъу,
Насып дахэр къадэтэкъу.
Тихэку кIаси нахь кIэракIэ
Зэрэхъугъэр—тимэфэкIы.

## ГЪЭТХАПЭ

Гъэтхапэр джэгоу
Къэгъэгъэ нэгоу
Хэты иIэгуи
Чэфэу дэпсыхэ.

КIэим дэхьагъэшъ
Гъатхэр къыщэшъо,
Псыхъом хэхьагъэшъ
Фэчэфэу ешъо.

Гъэтхапэм псыхъом
Ичъэ хегъахъо,
Гъэхъунэр къашхъоу
Хъупхъэу зэлъехъэ.

Огури хъугъэ
Джы нахьы къаргъо.
ЗэлъытIэмыгъэ
Къутэмэ ичъагъэ...

Зэдырагъаштэу
ЗырагъэIэтэу
Бзыумэ япщыни
КъызэкIагъанэ...

Гъэтхэпэ нэгур
Гъэбэжъу нэгоу
Насып гушIуагъор
Изыбз ыIэгу.

Хэти икъуаджэ
Жьэу къыкIэтаджэ,
ЛэжьэкIо марджым
Губгъор къегъаджэ.

КIэлэцIыкIубэ
Дахэу фэпагъэ,
Ащ ягъогупэ
Мэзым гъэзагъэ.

Къэгъэгъэ бынэу
Зэхэуцуагъэх,
Зыкъаплъыхьанэу
Ахэр ежьагъэх...

## ПШЪЭШЪАНЭХЭР

Пшъэшъанэхэр тхылъы псау мэхъу,
Ащ къеджэшъурэ кIалэм бэу къыдэхъу.
Пшъэшъанэмэ мэшIуачэр къакIехы,
Псэлъыхъо кIэлаби ащ дахьыхы.

Пшъэшъэ нагъор тхьэркъо жэгъу фыжьи,
Ащ шIулъэгъум нуз егъэхъужь.
Пшъэшъэ нашхъом, аIо, уеушхъуахьы,
Ыушхъуахьрэр гушIуагъом зэрехьэ.

Зынэ шIуцIэ пшъашъэр чыжьэрыплъи,
Гум пхырилэу шIулъэгъур къегъэплъы,
«Зынэхэр нэгыем уегъэделэ», —
ЗыIохэрэр бэрэ хэделыхьэ.

Зынэхэр нэгыйхэр гушIубзыух,
Зыщэхэрэр—бэу кIэлэ гоуз.
Пшъэшъанэхэр дахэшъ укъаубыты,
Яхъытыуи зэкIэм ураубытэ.

Пшъэшъанэмэ сэ гу къыслъарэти,
Мы дунаер сыеу сэ слъытэни.
Пшъэшъанэмэ мэшIуачэр къакIехы,
Къэзыщэгъэ Iаджи ащ дахьыхы.

Пшъэшъанэхэр егъэшIэрэ жъуагъоу
IэгушIуагъоу мыкIуасэу къэлъагъу.
Пшъэшъанэхэр Iушэу, чаны дэди,
Сыгигъуи хэлъыштых тиорэды.

## АДЫГЭ ПЕДИНСТИТУТЫМ ЦАЕ ХЪОХЪУ

Гъэсэныгъэшlум ыкупкlы шъыпкъэ
Уикъыблэмамэ къыфэогъазэ,
Уигъогу нафэ о уфэшъыпкъэу
Студенты жъугъэр къэогъэразэ.

Кlэлэегъаджэу чlэтыр нэгушlоу
Шъхьаджи шlэныгъэм укlегъэгушlу
Япсауныгъэ ащ орэпытэ,
Пстэуми аlапэ пытэу тэубыты.

О ебгъэджагъэу гъэсагъэ хъугъэ
Нэбгырэ пэпчъы гупсэу уелъытэ,
Адыгэ лъэпкъым игъэсэныгъэ
Урикlэщакlоу о улъэкlуатэ.

Цlыфы лъэпкъыбэм ялlыкlо пчъагъэ
Тиинститутэ ипчъэ къыдэкlы,
Гъунэ иlахэп ащ ягушlуагъо:
Зэкъошныгъэм ичъыг къагъэкlы.

Тиинститутэ пстэури къехъуапсэ,
Хэхъоныгъэ ащ итыгъэпсы,
Исамбистымэ яцlэрыlуагъэ
Зэрэхэгъэгоу зэлъагъэшlагъо.

Къэгъэгъэ быным нахьы дэхэжьэу
Пшъэшъэ гохьыбэ къыщызэблэкlы,
Жъуагъомэ ахэр янэкъокъужьэу
Гъэтхэ гухахъор ащ къадекlокlы.

Тиинститутэ ищытхъу зеlэты,
Быракъы плъыжьыр
Москва къырэты,
Шlэныгъэ лъагъор щызэпэшlэты,
Икlэрэкlагъэ хэхъоныгъэ.

## ЯШКОЛ НЭФЫ ЗЭЛЪЕКIУЖЬЫХ

(Сентябрэм и 1-м ехьылlагъ)

Апкъышъолхэр апсыхьагъэу,
Губгъуи мэзи къаплъыхьагъэу.
Еджакlохэр еужьырэу
Яшкол нэфы зэлъекlужьых.

Тхылъыкlэхэр аблыгучlэу
Чэф мэкъэшхор къахэlукlы,
Ящыгъынхэр зэпэжъыух,
Орэд дахэм зэлъежъыух.

Школым ипчъэ къафыlокlы,
Кlэлэегъаджэр къапэгъокlы,
Еджакlохэр зэфэгушlо,
Насыпышlохэпъ нэгушlох.

## ШІУЛЪЭГЪУР СЫГУ ЩЭТІЫРГЪО

Нэплъэгъум укъызыридзэу,
О пшъхьашъо сызэрэтеплъэу
КІэрыкІэу гыгъэр сэлъэгъу,
ШІулъэгъур сыгу щэтІыргъо.

УнитІу ямэшІо тэпы
Унапэ зэлъагъэнурэ,
Апэрэу узэрэслъэгъоу
СшІокІодыгъ рэхьатныгъэр.

Чым теты жъуагъомэ оры
Анахьы дахэу слъэгъугъэр,
ШІулъэгъур зыфэзгъэшІуагъэр
Сыгу къысеІо орэу.

Умакъэ зэрэзэхэсхэу,
Унэгуи сызэрэкІаплъэу
Сэ сыгур сфэмыгъэІасэу
ШІулъэгъум сэ сыхелъасэ.

О пІапэ зэрэсыубытэу,
Ар сымытІупщэу, пытэу
СІыгъы сшІоигъу сэ егъашІи,
Ухъунэу сыфай бэгъашІи.

Сыдигъуи санэІу уимыкІэу
Уигъусэу сыгу къыбдекІокІы,
Гъэтхэ къэгъагъэхэр зэкІэ
Сэ къэсэгъэкІых о пцІэкІэ.



## ЩЫІАКІЭМ КЪЕГЪЭНЫБЖЬЫКІЭ

ЩыІакІэм къегъэныбжьыкІэ,
Загъори орэд кІеІукІы,
ГукІэгъур нэнэжъ къебэкІы,
Быными ар къыдекІокІы.

Нэнэжъым нахь дэхэІуалэ
Хэмысэу аІо тихьаблэ,
Унапчъэр гушІоу къыІуехы,
ИІани хэти пегъохы.

Зэщыгъо зыримыгъафэу
Сыд фэдэ Іофи зэкІефэ,
ШъхьахынэуІ зыкІэмыІэжьырэ
ЛІыжъыхэр шІоу къырефэкІы.

Гъунэгъу ныохэр мысэмэ
Нэнэжъыр атегыяхьы,
Нысэ убыныр зикІасэмэ
Губжыгъэу зафырегъэхьы.

Гъунэнчъэшъ ащ игъэшІуабзэ
Нысэмэ бэрэ яубзэ,
Ежьыми тинэнэ гуащэр,
Тигощэ нэфыр къыраІо.

Нэнэжъы кІасэр губзыгъэшъ
Пшысабэ шІагъоу къеІуатэ,
Сабыймэ шІулъэгъу фашІыгъэшъ
Сыдигъуи псынкІэу къагъоты.

ЗишIэгъум нэнэжъ гу лъетэ,
Махъулъэми бзэ къыфегъоты.
Дунаем сыд щыкъэбара?
ЕпIоми джэуап къыуеты.

Тыгъэписэу гушIонэфынкэр
Нэнэжъым ынэгу къыкIэпсы,
Исэмэркъэуи гъэгупэшъ,
Ынапэ чылэр кIэхъопсы.

Нэнэжъы гупсэ Сэрчэтышъ
Чэфышхор унэм къырелъхьэ,
Унэгъо лъапсэуи хъугъэшъы
Орэдым шIукIэ хэтэлъхьэ.

мырныгъэм и Дунэе КIуачIэхэм я Конгрессэу 1973-
илъэсым щыIагъэм къыщыстхыгъэмэ ащыщхэр

## МАМЫРНЫГЪЭМРЭ ЗАОМРЭ

Мамырныгъэр —
Лэжьыгъэ,
Къэгъагъэ.
Зэожъы мыгъор —
Гъэблэгъу,
Хьадэгъу.
Мамырыныгъэр —
Псы чъагъо,
О къаргъо;
Зэожъы мыгъор —
Лъэбыщэ,
Узыщэ.
Мамырыныгъэр —
ГукIэгъу,
ШIулъэгъу.
Зэожъы мыгъор —
Гъынэпсы,
ПсэIухы.
Мамырыныгъэр —
ЦIыфыкIэ,
СадыкIэ.
Зэожъы мыгъор —
Гугъэжъы
ЧIытежъы.
Мамырыныгъэр —
КъижъукIэу
Гъэбэнъу.

Зао мыгъожъыр —
ГомыIу,
ГъыблаIо.
Мамырныгъэр —
Тыгъэпсы,
Шъоупсы.
Зэожъы мыгъор —
МэшIодзы,
МэшэтIы.
Мамырныгъэр —
Нэфынэ,
Унагъо.
Зэожъы мыгъор —
Тэлаошъ,
Зэфэдэу
Ылъапсэ
Оргъу.
Мамырныгъэр —
ГушIуагъошъ,
Убгъугъэу
Ылъапсэ
Зыкъедзы.

# ДУНЭЕ ХАСЭМ ЫУХЭСЫГЪЭР

Москва дэт Кремлэм и Дворец тигупсэ
Гур зэлъиIэтэу тыгъэпсыр къычIэпсы.
СыдкIэ пIотэна икIоцI хъырахъишъэу,
Хъишъэм хэлъым фэдэу, дунэу
мэIушъашъэ.

Псыхъоу быжъуагэу цIыфыбэ къыпэсы,
Ипсалъи зигъуаши зэфэшъхьафишъэ...
Мамырныгъэр псэоуми ямарджэу
ЗэрэмIыпэлъытфэу къызэпагъаджэ.
Зао къэмыхъуным зэлъеусэнкэу
КъызэлъекIугъэх ядунэе хасэ.
Цыф лъэпкъ фыкъи, шIуцIи ыкIи гъожьи
Анэгу ихыгъэ къызэфагъазэ,
Зымэкъэ шэу джэрыпэджэжьэу
Мамыр псалъэр хасэм щагъаджэ;
— Заор зикIосэхэр жъалым мэхъаджэх,
Шъузыгъожьэу ахэм, — арабыр къэджэ.
— Заор хъызабэу узэу мэзекIо,
Ыни зешхъо, — къеIо Мозамбикы илIыкIо.
— Мамырныгъэр бырахьэу тэIэты.
Ащ лъэгъо нэфыр ренэу етэты,
Шъыпкъагъэ шъыр сыдигъуи текIо, —
КъеIо рэхьатэу СССР-м илIыкIо.
Бгылъэфыгъэ блашэу — Альендэ ягуащэ
Ипсалъэ щэрыоу пымыкIэ мэшIуащэ:
—Зэфагъэр щытекIощт сыгу щыцэу си Чили,
НыIэпчъэу фэхыгъэп Альендэу сэ силIи...
Хунтэри къэтэгъоу ыIэ хъункIакIох,
Ящыпэ шIуцIэхэри тIыгъахэх...
— Ахэмылъыкыжьыхэу цIыфыгъэ налъэ

Iэшэ мэхъаджэхэр зыгъэуталъэу
США-м псы пстэуми пэлат ясэхы, —
Ащ ибзылъфыгъэ ынэпс къыщIуехы.
Адыгэм илIыкIо, а пстэуми сядэIу,
Губгъоми къушъхьэми амакъэ къысэIу:
— Заом теухы, хэкужъы тэхъу,
О мардж, цIыфыхэр, зао шъумгъэхъу!
Зэпстэуми гуфаплъэу сяплъы, сядэIу,
Мэзыми псыхъоми амакъэ къысэIу!
— Шъоущ фэдэу тэри тыфаеп зао,
Заом сыдигъуи ешIы тшъо Iае...
...КъысшIошIы сигъусэу Шэуджэн Мос
Теуцожь Цыгъуи, Андырхъое Хъусени,
Хьаткъо Ахьмэди, Бэгъужъэкъо Лёли,
ЛэжьэкIо хьалэлэу тихэку щыпсэуи...
Дунэе хасэм лъэпкъэу хэсыгъэмэ
Зычы-зыпчэгъоу зэдаухэсыгъэ:
Зэо кIэгъэстэу щыIэр тэумысы,
Тэ тимаисп ащ къафитэхы.

## АДЫГЭМЭ АЦIЭКIЭ

Москва дэхэшхоу тикIасэм
Хэгъэгу лIыкIохэр къэсыгъэх...
Мамыр орэдыр къыхадзэ,
Радио пстэуми къаредзэ.
ДжэгуакIор кIэкуо ишъыпкъэу:
— Къытерэхь хэтрэ цIыф лъэпкъи!..
Урысыр арабым игъусэу
Утыгум хьарзэу къыщесы,
Вьетнам лIыхъужъым ипшъашъэ
Чили ирабоч къыдэшъо...
Индием щыщ лIыгоузыр
Узбечкэм къыдэчэрэзы,
Грузием къикIыгъэ кIалэр
Сомали пшъашъэм къыдашъо...
Чэзыур сэри къызнэсы,
Мысыры пшъашъэри къагъэсы.
— Адыгэ лъэпкъым ыцIэкIэ
КъежъугъаIу зэфэкIо псынкIэр! —
КъасIозэ пчэгум сытехьэ,
ГушIуагъом сикъызэрехьэ...

...АIэхэр зэрэубытыгъэу,
ЗэкIэри зэблагъэ хъугъэу
Уджы хъураем даублэ,
Iэгутеоныр зэкIаблэ.
...Хэгъэгу Iанэри шIыгъэ,
Шхыныгъо миныкIэ шыгъэ:
Теплъэгъощт адыгэ чэтлыбжьи,
Кубаны ихъалыгъу фыжьи...
Бжъэхэр арызэу къаIэты,

Быжъутэу шъоныр мэшшIатэ.
Тхьаматэм зыкъысфегъазэ,
Сымакъэ тIэкIу къысшIозазэ:
— Зэкъошыныгъэм паекIэ,
Ар мыукъохэным фэшIыкIэ!
...Зы орэд хэти къыIонэу
Тэмадэр пстэуми ялъэIу,
Сэри къыхэсыдзэнэу
Макъэ ащ къысегъэIу.
Адыгэ лъэпкъым ыцIэкIэ
КъэсэIо сиорэдыкIэ:
— Мамырыныгъэ пытапIэу
Тихэгъэгу цIыфыр еIэты,
Насыпым ар икъэкIуапIэу
Зэкъошыныгъэр щэпытэ.

# НЫХЭМЭ АГУ ХЭШЪУМЫГЪЭКI

ГукIэгъоу ным хэлъыр хым фэдэу иныр,
Ным иIэшIугъэ иIахэп зи гъунэ,
ГушIуагъо тиIэмэ мэгушIо ежьыри,
Къин къытфыкъокIымэ ыгу еIэжьы.

Сыд хъункIи ныхэмэ агу хэшъумыгъэкI,
Дахэ ащ яшъуIозэ шъукъадекIокI.

Сыд къыпщышIыгъэми, сыдэу ущытми,
Сыд о уилажьэми апэу ныр къэсы...
Сыд уищыкIагъэми дунаим тетмэ
Къыпфэзыгъэотыщтыр о уянэ гупси.
Сыд хъункIи ныхэмэ агу хэшъумыгъэкI,
Дахэ шъо яшъуIозэ шъукъадекIокI.

IэшIу-IушIоу щыIэхэр пфызэIуегъакIэ,
Зы Iулъхьэм фикъужьэу ны гупсэм зэкIэ
ИIэр рыразэу, гум пыкIэу къыуеты,
Игъом IэпыIэгъуи ащ уегъэгъоты.

Сыд хъункIи ныхэмэ агу хэшъумыгъэкI,
Къин яIэ хъуми ахэр зэшъумынэкI.

Улы узыгъэшIи о уипэ апэу
ПсынкIэу къыпэсы, къещэи ыIапэ,
Угу уцугъэми ным ыгу къыуитынэу
Акъылыпсэу щыс ар зэмыблэжьынэу.
Сыд хъункIи ныхэмэ агу хэшъумыгъэкI,
ТIо жъугъотыжьыщтэп, ахэр зэшъумынэкI.

Илъфыгъэ паекIэ машIом пэхьанэу
Анахь гъогу уанэри пфызэпачынэу
Ныхэр зэрэщытыр хэтыкIи нафэ:
Сабыйхэр ежьагъэх сыхьаты мафэ.
Ны гупсэр нэм фэдэшъ ар зэшъумынэ
Зэзакъуи ыгуи хэшъумыгъэкI.

# НЫБДЖЭГЪУБЭ ЗИIЭР АНАХЬ БАЙ

Загъунэгъуищыр зэрэгъэтыгъэу
Щысых бжъэ зытIуи зэдаIэтыгъэу,
Зы Iофы нае щыри ашъыпкъэу
Iанэм ыпашъхьэ щызэнэкъокъух.
Ащыщэу зы лIы къэахэкIуукIы,
ГущыIэрыепшъ мышIэр IошIыкIы:
— Хъопсагъо, тхъагъо сэ сищыIакIэ,
Сынахьы бай сэ шъоущ нахьи бэкIэ,
СиI сэ машини, ахъщи сихъон,
СиханIэ пIонышъ дэт къэлэ унэ,
Сиэли чэти ятчъагъэ хэхъо,
Шхыныгъоу тетым рекIы сиIанэ...
...Къелъытэ закIэ пIэм ыуасэ:
Дышъэ Iэлъынэу ыIапэ нылъи,
НэIо хьапплъыкIэу ынатIэ теси,
Сомэ зыуасэу нхатэ дэлъи...
ДжыбачIэм илъым мо лIыр рэпагэ,
Бакъмэры хъугъау ежь зегъэлъагэ
Ехъуапсэх шIошIы ащ ищыIакIэ,
Ащ ЗыщIобай, ау ыгукIэ тхьамыкIэ:
Къылъыти къыпчъи шъэогъу закъо
ЫщIэ къырыIоу зэ къыхэфагъэп:
ЫгукIэ цъыпитэу зы шъэогъу шъыпкъэ
НIэщым а лIыр зыкIи фэягъэп.
Ичэнщи мифи ащ ыгу илъ закъор —
Нахьыбэ ахъщэ къыпыхэкIыщтыр,
Нэ-псыягъом ышIыгъ шъхьэ закъоу
КъыIо шъэогъу ащ зэригъотыщтыр?!
Былымыр фэдэу аIо осэпсым,
Шъэогъу шъыпкъэр — ары насыпыр,

Дунаим тетмэ анахь былымыр,
Хъяри бэрчэти хъоеу зыпылъыр...
Сынэм инэфэу сиI ныбджэгъубэ,
Сыгум ифабэу сиI шъэогъубэ.
Ащ пай сыбаеу зысэлъытэжьы,
Шъыпкъэмкlэ, тlэкlуи сызышlошlыжьы,
Iахьылы благъэу ахэр сэлъытэ:
Сикъини гушlуагъуи ахэм гу лъатэ,
Сыд фэдэ уахъти сыкъэзэхашlыкlы,
Анэгу ихыгъэу сэ къыспэгъокlых.
Къарыу лые сэ бэу къысаты,
Сихэгъэгушхо ар есэтыжьы,
Ныбджэгъу шъыпкъэмэ сыгу къаlэты,
Ащ ячылапхъэ есэутыжьы.
Заом сыlутызэ сыкъызауlэм
Апэу къызнэсыгъ сэ щъэогъум ыlэ,
Ыпсэ емыблэжьэу ар къысlэпыlэзэ,
Сыкъырихыжьыгъ сэ щынэгъо чlыпlэм,
Ныбджэгъу-шъэогъумэ афэрэлъэкlи
Згъэшlэщтым фэдиз къыхагъэхъони,
Якъарыу къыхьэу афэрэукlочlи
Дышъэ ощх шъыпкъэ къысфырагъэщ

Iахьылы дэй нахьи ныбджэгъу дэгъур
Уиlэныр нахьышlу, ар зэдаштагъэ,
Ныбджэгъу-шъэогъур уикlэгъэкъонмэ
Анахьы къинри псынкlагъоу мэхъу.

* * *

Шъэогъу зимыlэр ебэ хъураеу
Слъытэзэ усэм сэ къыпысэдзэ,
Шъэогъу зихъоир анахьы баеу
Ащыкlэ стихым сlапэ кlэсэдзэ.



## ЛIЫХЪУЖЪ БАТЫРМЭ АЦIЭКIЭ

Фэхыгъэ лIыхъужъхэр бэрэ
ШIукIэ тыгу къэкIыжьы,
ТитекIоныгъэ инурэу
АцIэхэр тиджэр-пэджэжьых.

ЛIыхъужъ батырмэ ацIэкIэ
Садыхэр къэтэгъэтIысхьэ,
Зэфэдэу зэлъыбэгъонэу
Хьасэхэр къэтэгъэтIысхьэ.

ЛIыхъужъ батырмэ ацIэкIэ
Псыхьохэр кIэу къэтэгъэпсы,
ЧIылъэми жъогъо быныкIэ
Зэдиштэу къыщетэгъэпсы.

Блэнагъэ хэлъэу фэхыгъэ
ЛIыхъужъхэр тэ тэгъэлъапIэ,
ДышъэкIэ ацIэ дгъэчъыгъэ,
Итхьэшыт тинэплъапIэ.

ТилIыбатырмэ ацIэхэр
Сабыймэ афэтэусы,
Непи тигъусэхэшъ ахэр
Зэо кIэгъэстхэр тэумысы.

Фэхыгъэ лIыхъужъ пстэури
Чъыгэу хъужьыгъэу джы къэкIы,
Къэгъагъэу къытфызэIокIы,
Амакъи губгъом къеIукIы.

Пыи мэхъаджэм пэшIуекIоу
Блэнагъэ хэлъэу фэхыгъэм
Джы мыжъосынэр икIакIоу
Советы жъуагъор къытепсэ.

ЛIыхъужъ батырмэ ацIэкIэ
КIэу типсэупIэмэ тяджэ,
Ошъо къатиблыми ычIэ
Жьы къухьэр къыщытэгъаджэ.

Хэгъэгум пае фэхыгъэ
Пстэуми иныжъ ялIыгъэ,
Къомыхьажьынэу ятыгъэ
ТкIуачIэкIэ тэ дгъэнэфыгъэ.

Заор зиджэгъо цIыфыхэр,
ЖъугъэлъапIэх мыжъо саугъэтхэр,
КъафашъуIох лIыхъужъ орэдхэр,
ЯшъухьылI ащ къэгъагъ Iэрамхэр.

## КЪУШЪХЬЭХЭР

Пелыуан инэу
Къушъхьэхэр щытых,
ЧIыгум иIунэу
Ахэр лъэпытэх.
Зытетым тетэу
Уахътэм ышIыгъэх,
Къушъхьэхэр къатэу
ЗэтриIулIагъэх.
Къушъхьэмэ пщэхэр
Атамэ тесых,
Бгъэшхъо тэмэфхэр
Ашъхьагъы щесых.
Яосы паIо
Сарыкъы фыжьэу,
ЗашIомдэнжьэу
Огум щагъаIэ.
Къушъхьэ зырызмэ
Яшъэджэшъагъэ
Шъхьагъэуназэу
ПаIор пщагъэзы.
Ошъогудысмэ
Зэпстэуми апэу
Тыгъэм ыIапэ
ГушIоу аубыты.
Къушъхьэхэр тхылъышъ
Тарихъым хэлъэу
КъаIорэм щыщэ
Къыбдаугощы.
Къушъхьэ лъагэмэ
Иныжъ теплъэ

Гупшысэ куумэ
Укъыхалъасэ.
Тизэкъошныгъэу
Зэщымыкъохэщтыр
Зэрэпсахьыгъэу
Ахэр псахьыгъэх.

## ЗЭДЫТИГУПСЭ ПОЭТ

(Украинэм ипоэт цIэрыIоу Тарас Григорьевич Шевченкэр зычIэлъыкъэм дэжь щыстхыгъэ ус)

...Чэщ мэфищэ гъогу сытетэу
Каневы къалэм сэ сыкъэкIуагъ,
Истих сатырхэр къэспчъы зэпытхэу
Шевченкэм икъэ дэжь сыкъыIухьагъ.
Гуфаплъэу сеплъы, бэу сыгу къэкIы,
ЕлэкIыгъэ уахътэр нэгум пэкIэкIы;

СыкIэлэ дэдэу школым сычIэсэу
Иусэ сыбзэкIэ сыкъеджэгъагъ,
Адыгэ къуаджэм, а лIышхор дэсэу
Щыусагъэм фэдэу къыещыхъугъагъ.
Нэжъырэ къуаджэм итхьамыкIагъэ,
Ащ нэдэплъыщIэ щызимыIагъэ
Иусэ сапэIу къырагъэтаджэ,
Ащ норэдхэр цIыфыбэм яджэ.
Нупэ Iушхэр чатэу мапсэу,
ЦIыфышъхьадэсмэ акIоцIэдысэ.
Егъэзыгъэу щыIэм ренэу игъусэу
Жъалымыгъэ лъапсэр зэлъегъэсысы.
Шъхьашыгу ихыгъэр а лIым ихабзэу,
Бзэ чанэу Iулъыр ыпым щигъабзэу
Заманыжъ дыджыр хьазабкIэ рихыгъ...

КъызэкIэмыкIоу пыим пэшIуекIоу
Шъхьафитныгъэ лъапIэм ар кIэдэуагъ...
Ыгу илъы шъыIор зыкIи мыплъыкъоу
Ыгу къэуцуфэ зафагъэм пылъыгъ,
ЛэжьэкIо игъыпкъэм готэу, фэшъыпкъэу
Ащ ипсып нае ыпсэ ытыгъ.

## ХЭШЪЭЕ ЧЪЫГ

Хэшъэе чъыгыр
Бгы лъагэм тетэу
ЗеIэты пагэу
Зигъэджыгытэу,
Къутамэу пытхэр
Щэбзэ гъэпсыгъэх,
ИпкIэшъэ лыдхэр
ТхъакIумэм фэдэх,
Хэшъэе чъыгыр
Хэти фимыкIэу
Зыхэты пстэуми
КъахэлыдыкIы.
Ащ ипытагъэ
АшIэ бэшIагъэу,
Щылычи гъучIи
Угу къагъэкIы,
Фыртыни чъыIи
Ощхи ецыIэ,
Зэуи щымыхъоу
Гъэхэр зэпетхъу,
ЗэрэбэгъашIэм.
ЕгъэшъорышIэ.
Ащ ищыIакIэ,
Ащ игъэпсыкIэ
Сэ сыгу рехьы,
Iаджи сыгу къехьэ:
А чъыгым фэдэу
Емызэщыжьэу
Тэ тихэгъэгу
ЦIыфыбэ епIу.



## ТАРА АНАХЬ ПЫТЭР?

— Тара анахь пытэу
Мы дунаим тетыр? —
АIошъ кIэлэ купыр
Зэнэкъокъу непэ.
— Мыжъор анахь пытэу
СшъхьэкIэ тесэубытэ! —
Чылэр къыгъэдаIоу
КIэлэ къуапцIэм къеIо.
— Хьау, хэшъэе лъэпкъым
ЩыIэп нахьы пытэ, —
КIэлэ пэтIыракъэм
Ар къеIозэпыты.
— Нахьы пытэ гъучIым
ЩыI ыIощтэп хэти, —
КIэлэ шъхьацы кIырым
КъеIо пчэгурытэу.
— ШъушIэрэп зи ащыгъум,
Щылычы псахьыгъэм
ЩыIэп нахьы пытэ, —
КъеIо кIэлэ псыгъом.
— Налмэс-налыкъутэр
Ары анахь пытэр! —
ЫIотэу лъэдакъэр
КъеIо кIэлэ пакъэм.
Зы лIыжъы тхьапэфи
Купым къырехьылIэ,
КIалэхэр фэчэфэу
Ыдэжьы ечъалIэ:
— Сыда анахь пытэу
Мы дунаим тетыр

ТэIошъ тызэдао,
ЕпIуалIэрэр къаIо.
Тэтэжъ IогушIукIы
Иджэуапи кIэкIы:
— Зэкъошныгъэр ары
Пстэуми анахь пытэр,
СикIалэхэр, шъоры
Ащ игъогу тетыр.

# ТХЬАМАФЭМ ИМАФЭХЭР

## БЛЫПЭ

Блыпэ мафэр — тхьамэфапэ,
Къытфещэи ащ ыIапэ.
Мэфэ хьылъэу игугъу ашIы,
ЗышIохьылъэм зэрар ешIы.
Блыпэм Iофыр зэкIэгъабли
ТхьамэфакIэм имэфибли
УагъэгушIоу федэу хъущтых,
Уагъэчэфэу къыпшъхьапэщтых.
Блыпэ гъунджэм къеща гъубджыр —
Блыпэ ужым къэсы гъубджыр.

## ГЪУБДЖ

Гъубджы мафэр чэщ зымафэу
Щэтхьаматэ зэ тхьамафэм.
Ащ ипхъуантэ дэIэкIагъэу,
Зы цIыфыIи емыIагъэу
Дэлъыр бэу бэ гъэшIэгъонэу,
ЦIыкIуи ини къышъхьапэнэу.
Ар фэIазэу къызэтехи,
Дэлъыр зэкIэ о къыдэхи,
Уиныбджэгъухэм угу пыкIэу
Афэгощи ят о зэкIэ.
Гъубджы мафэр мэфэ зафэшъ
Iофи дэлъи анымылъэу
Шъхьаубатэу бгъунджэу щылъым
Гур фигъэилъэу пхъашэу фелъы...
Гъубджы ужым ылъэб итэу
Бэрскэжъыер къыкъолъэты.

## БЭРСКЭЖЪЫЕР

Бэрскэжъыер — тхьамэфэгу,
Хэти дахьэ ар иIэгу.
Гъогум тети, Iофым Iути
Ар адеIэ, аIэпыIэ.
ШIомыкI чIэхым шIомыкI Iатэ
ДеIэшъ псынкIэу къыфеIэты,
Нефты чIэщым нефты хъущэ
Псыхъом фэдэу къыдычIещы.

## МЭФЭКУ

Бэрскэжъыем къыкIэлъыкIоу
Мэфэку мафэр тэ къытфакIо;
Ар бэшIагъэу тигъогогъоу
Тфэхъугъ пстэуми ныбджэгъу дэгъу.
КIочIэ инэу имэшIоку
ЛэжьэкIуабэ къызэлъекIу,
Мышъхьэхыжьэу Iэужьырэу
Жьыртэджым къыдэлажьэ.
Тинасыпэу тэ тигъогу
Мэфэку мафэр тет ипчэгу,
ШIу къытфихьэу тихэгъэгу
Тыгу къыIэтэу тегъэджэгу...
Мэфэку мафэм чэщыгу хэтэу
Бэрэскэшхом гъогур реты.

## БЭРЭСКЭШХУ

Къэущыжьыгъэшъ бэрэскэшхор
Нэшхо-гушхоу къытпэгъокIы,
ЛэжьэкIошIур ыгъэгушхоу,
Ыгъэчэфэу къыдекIокIы.
Бэрэскэшхор — бэрэчэты,
Инэплъэгъуи бэу къеубыты.
ЕджакIомэ чэфэу къяджэ:
«КъиныIоми дэгъоу шъуеджэ».
Бэрэскэшхом илъэужы
Шэмбэтыр къытехьажьы.

## ШЭМБЭТ

Хэт ышIагъи ыгъэхъагъи
Зэфехьысы, къелъытэжьы,
Апэ хъугъи ауж ити,
Якъэбархэр еIотэжьы,
Пэрытмэ яIоф щэтхъу,
Ащ ягъогуи афеупхъу.
Iанэр шыгъэу зэрегъафэ,
ХьэкIэ мафэр ащ къытефэ,
Изытеплъэ уегъэшхэкIы.
Шхыныгъуиблыр ащ къытекIы,
Шэмбэт мафэм кIэкIы дэдэу
Тхьаумафэр ыуж итэу
ХэушъыкIэу къеужьыры,
Ащ къыхедзэ: «Сэры, сэры!».

## ТХЬАУМАФЭР

Тхьаумафэр чэф-Iупэфэу,
Зытет гъогур къыгъэнэфэу
Зэшиблымэ яблэнэрэ,
ИIэм фэдэх нэрэ Iэрэ.
Тхьаумафэр къытфэчэфэу
КъытфэгушIоу къытпэгъокIы,
Тэри цIыфхэм тыкIэракIэу
ТыгушIозэ тыкъыдэкIы.
Тхьаумафэм загъэпсэфы,

ЦIыкIуи инн гу зэщафэ.
Фаем мэзым зырегъахьы,
Зыгу рихьрэр псыхъом хахьэ,
Тхьаумафэр — мэфэ тхъагъо,
Тыгу къыIэтэу мэфэ шIагъо.

* * *

Зы тхьамафэм зэрэпсаоу
Мэфэ ханэ о умышIэу
Цыф афэдэу дахэу псэу,
О джащыгъум шIу тфэошIэ.

* * *

ЩыIэныгъэм илъэужы
О уитхыпхъи щыжъыунэу,
ПфэлъэкIыщтыр о зэужэу
ГъэцакI, ныбджэгъу, уишIу аIонэу!



# ХЭГЪЭГУМ ПАЕМЭ

## ПШЪАШЪЭМ ИГУПШЫС

Бэрэ сыщысыгъэу къысаIокIы,
А къэбарыр къуаджэм къыщекIокIы.
Ау IэшIэхэп удэкIоныр,
Псэогъу пшIыщтыр къыхэпхыныр,
Пшъэшъэ пстэуми ар о къыуаIон.

ЛIыкIо пчъагъэ зы кIалэ къегъакIо,
Фай ар лъэшэу сытэджэу сыдакIо.
СыдэкIона — янэ ябгэ,
Нысэ пчъагъэ къыфащагъэшъ,
ТызэмыкIумэ гухэкI къыхэкIын.

Къоджэгъу къикIырэ кIалэм сыдэкIонти,
Шыпхъу закъоу иIэр нэиути,
Таущтэу кIалэм сыдэкIона,
Таущтэу пщыпхъум сезэгъына?
НэмыкI къыкъокIыфэ сыщысын.

Къыздеджагъэу зы псэлъыхъо сиI сэ,
Ау янэжъ ащ нысэми тесыхьэ.
Ащ пай кIалэм сыфэгуитIуи,
Сыгу цIыкIуи зеутIыIуи,
СшIэщтыр сэ сымышIэу сегупшыс.

КIэлэ закъуи псэлъыхъомэ ахэти,
Ары шъхьакIэ аркъыр ащ жэхэти.
СыдакIомэ сигъэтхъэна,
Унагъори ришъужьынба?
Иныжъыгъоу жъы ащ сэ сищIын.

Пстэуми агу сырихьэу сэ къысаIо,
Ау сэ сыгу рихьырэр зы закъо.
А зызакъор къысэбгъукIо,
КъысэбгъукIошъ зблэкIи макIо,
КIо, ар къаIо мышхьакIомэ о!

Ауми сыгу мыкIодэу сэ къэсэхьы,
Псэлъыхъуабэм зыкъысфырагъэхьы.
Синасыпи къахэкIыщт ащ,
Гу щысфэнэу къахэкIыщт ащ,
СыщыIэмэ псэогъуи згъотын.

## КIАЛЭМ ИГУПШЫС

Сикъэщэгъу зыхъугъэр Iаджи шIагъэ,
Сяни нысэ зыфаер бэшIагъэ.
Ау пшъэшъабэшъ щыIэу хъугъэр
Къахэпхыщтыр къэшIэгъуае,
КъызысщэкIэ тезгъафэ сшIоигъу
(ШъхьагъусэшIум зэкIэ елъытыгъ).

Сэ зы пшъэшъэ дахэ сыгу рехьы,
Симызакъоу кIэлабэ дехьыхы.
Ау ар гуащэ фэмыяхэу,
ГучIэр рихэу зэхэсэхы,
Ныр зиджагъор псэогъу мыхъун
(Ныр зиджагъор нысэ дэгъу мыхъун).

ЗигъэIэпэцIыеу пшъашъэ сэшIэ,
КъыздэкIощтэу лIыкIохэр къысфешIы.
Ау нэфынэу мэгъолъыжьы,
Щэджэгъуанэм къэтэджыжьы,
Унэгъо мышIэжьы техъулIэн
(Чъыяпхэри гъогогъу мыхъун).

Жьырытэджэу сиI сэ зы къэщэни,
Ау къэбарэу пылъым сегъэщынэ:
Янэ шхыныр регъэстылIэ,
ЖэмыIанышъ лIыр елIылIэ,
Шъхьагъусэгъу сшIымэ сымытхъэн
(Зянэ дэир шъузышIу мыхъун).

Пшъэшъэ шъхьацы кIыхьэм сыгу еIу,
Ау ащ макъэ бэрэ къысегъэIу:

«Бэу къегъахъа, «Волгэ» иIа,
ЧIыфэ-хьафым хэтэу щыIа?»
Ар псэогъу сшIымэ сыгуIэн
(Ар псэогъу сшIымэ сымытхъэн).

Сэ сехъуапсэ пшъэшъэ пэтIыракъэм,
Ау еIуантIэ цуакъэм ылъэдакъэ.
«Рестораным тыгъакIу», — еIо,
Шубэ дахи шIоигъу иIэ,
ЗыкIэмIэжьэу унагъор ышIын
(Псы чъыIамэр тиунэ иуп).

Зы чылагъо къикIэу пшъэшъэ дахэ
Загъорэ тикъуаджэ къыдэпсыхэ.
Кухьэу уцыр щыцIэлагъэу
Гъунджэм Iоты кIэрыпкIагъэу
Нысхъапэр псэогъу сфэмыхъун.

Чылэ пшъашъэр къысажэу щысына?
Сахадэзэ ахэр зэбгыращы,
Ау шъэогъухэр лIыкIо сфакIо,
Къэсщэн фаеу сэ къысаIошъ,
ШIэхэу нысэ дахэ къэзгъэсын.

## ГУМ ИОРЭД

Гум ифабэ нахьы фабэ
Мы дунаем зи темыти,
Анахь чыжьэу гур мэIабэ,
Ар цIыф бгъэгум исыхьати.

ШIулъэгъуныгъэр ины хъумэ,
Гум имашIо тыгъэу къеисы,
Ау шIулъэгъур чъыIэ хъумэ,
Гум имашIуи зэлъэкIуасэ.
Гур мышлъэмэ нэри мыплъи,
Гъунэ иIэп гум иIалъэ,
Гурэ гурэ лъагъо хахы,
ЯшIулъэгъуи зэIэпахы.

Зыгу къабзэр насыпышIо,
ШIу къыдэхъоу ар бэгъашIэ,
ЦIыфы ныбжьыр илъэс минми,
Гур жъы хъущтэп егъашIэми.

Гъунэ иIэп гум ищаIэ,
Ау гум хэкIмэ пакIэм хэзы,
Гур теофэ цIыфыр щэIэшъ
Амал иIэу шъумгъэузы.
Гум ифабэ нахьы фабэ
Мы дунаим зи темыти,
Анахь чыжьэу гур мэIабэ,
Ар цIыф бгъэгум исыхьати.

## ТЭТЭЖЪ ДЫШЪ

(Сэмэркъэу орэд)

ЫжэкӀэ уисыгъэ
Тыгъэписыр щэджэгу,
Ицокъэ лъэкӀыгъэ
Гъунджэкоу мэлыды.

Ар тэтэжъы дышъэу
Зыныбжь илъэсишъэм
ИзекӀокӀэ-шӀыкӀэ
УегъаӀо ныбжьыкӀэ.

ІофышӀэ мышъыжьэу
Жьыми дэчэрэзы,
ЛӀыжъы Іэжьы-лъэжьэу
Хьаблэр егъэразэ.

ГушӀуагъом зэрихьэу
ЛӀыжъы гохьышъ гохьы,
Сэмэркъэу дахи
ЦӀыфымэ ахелъхьэ.

Непэ зыщэ-зыилӀэ
Ишъуашэ зэблехъу,
Тэтэжъы зигъэлӀэу
АшӀуежьэ псэлъыхъо.

Пшъэшъэ зидэкӀогъумэ
Мыпшъэу алъэушъы,
НакӀи ащ афешӀы,
Джэгум къащыдешӀэ.

ЦӀыкӀуи ини зэкӀэ
Тэтэжъ еупчӀыжьы,
Хэти фэдэу гупкӀэу
Джэуап аретыжьы.



Ар тэтэжъы дышъэу
Зыныбжь илъэсишъэм
ИзекӀокӀэ-шӀыкӀэ
УегъаӀо ныбжьыкӀэ.

## ДЖАМБЭЧЫЕ ИОРЭД

Лэбэ псыхъоу-псыхъо бэрчэтыр,
Зынахь дахэ дунаим темытыр —
Джамбэчые Іушъашъэзэ блэчъы,
Иормэ орэдыр къахэчъы.

Джамбэчые иорэд къежьагъ, къежьагъ,
Совет жъуагъор тыгъэу къытепсагъ.

Боу лэжьэкӀо гъуазэ ащ къыдэкӀы,
Игубгъоми гъэбэжъур къарэкӀы.
Пыхъужъ плъыжьы блана ащ дэмысыр!
ЕгъэджэкӀо Іаза ащ димызыр!

Джамбэчые гушӀом зэлъиштагъ, зэлъиштагъ,
Сыхьатмэфиблэ ар ежьагъ.

КъулыкъушӀэу узыфаем фэдэу,
Джамбэчые щапӀух дэгъу дэдэу,
ОрэдыӀоу яӀэхэр цӀэрыӀо,
Цыф гъэсагъэ уфаемэ къаӀо.

Джамбэчые джы къоджэ къэгъагъ, къэгъагъ,
ЩыӀэкӀэшӀум игъогу техьагъ.

## ШЪУКЪАКIОХ ПСЭЛЪЫХЪО

Бзыу нэбгъо шIыгъэм
ГушIуагъом къыхахъо,
Уцым икъэшхъогъум
ШъукъакIох псэлъыхъо.
ЗиIофы къикIынэу
Фаер еужьыры,
ЗыкIэмыIэжьынэу
Щысыр зэгоожьы.

Гъэтхэпэ техьагъоу
Къэгъэгъэ къэкIыгъом
Пшъэшъэгур мэIэлы —
ШIулъэгъур зэкIаблэ.
КIэлэ зикъэщэгъоу
Зыгорэм щыгугъэу
Гъатхэм дэшъхьаукъэу
Щысыхэр хэукъо.

Жъыгъэхэри зэкIэ
Гъатхэм дэныбжьыкIэ
Непэ уныбжьыкIэу
ЕмыкIу ущысынкIэ.
Бзыухэри гушIоу
Чэфэу зэупхъужьы,
Аужыпкъэрашъхьэм
Чэтыри мэкъакъэ.

Гъэтхэпэ тыгъэпсым
Псэ зиIэр мэджэгу,



Псэлъыхъоу къытфэсрэм
Къэблэгъэщт иджэгуи.
Бзыу нэбгъо щIыгъоу,
Уцым икъэшхъогъум
ШъукъакIох псэлъыхъо,
ШъукъакIох псэлъыхъо.

## ШЪУИПЧЫХЬЭ ШIУ

Шъуипчыхьэ шIу, шъуипчыхьэ шIу,
Орэды чэфыр шъуфэтэIу,
ЦIыфыбэм зэлъятэгъэIу.

Шъуипчыхьэ шIу, шъуипчыхьэ шIу,
НахьыпIоу щыIэр къыжъудэхъу,
Шъо пъугу щызэу шъухэрэхъу.

Шъуипчыхьэ шIу, шъуипчыхьэ шIу,
ШъуишIугъоу шъо шъузэхэт,
Псаунытъэ пыти шъогъот.

Шъуипчыхьэ шIу, шъуипчыхьэ шIу,
ЧъыеIэшIур шъуерэгъусэгъу,
ПкIыхьыпIэ дахи шъолъэгъу.

## ЯРЭБИ

(Сэмэркъэу орэд чэф)

О ярэби, ярэби,
Мы чIым тетыр пшъэшъаби,
Зым адырэр пахьы дах,
Гури нэри ащ пIэпах.

О ярэби, ярэби,
Мы чIым тетыр пшъэшъаби,
КIэлэ пчъагъэ къафэзэблэкI,
ЛIыжъ тхьапэфхэр афэзэплъэкI.

О ярэби, ярэби,
Мы чIым тетыр пшъэшъаби,
Уц къэгъагъэр гум къагъэкI,
Мы дунаер къядэхэкI.

О ярэби, ярэби,
Мы чIым тетыр пшъэшъаби,
Къэзщэгъахэу лIы хъущэ
Афэмыхъуклэ зылъащэ.

О ярэби, ярэби,
Мы чIым тетыр пшъэшъаби,
Узы зиIэр агъэхъужь,
ЗимыIагъэр къэсымадж.

О ярэби, ярэби,
Мы чIым тетыр пшъэшъаби,
Зыфаехэр къадэхъу,
Ахадэрэр мэдэхъу.



О ярэби, ярэби,
Мы чIым тетыр пшъэшъаби.
Уафэмсакъмэ ухэтми
Уалъэхъэщт о зэкIэми.

## ЛЭШЭПСЫНЭ ИОРЭД

Лэшэпсынэ сэлам етэхы,
Ищытхъуи зэхятэгъэхы.
Лэшэпсынэ чылэ зэкIужь,
Насыпыр ащ ипчэдыжь.

Iэзэгъупсыр псынэм къырахы,
Къэгъагъэхэр щызэIэпахы.
Лэшэпсынэ чылэ зэкIужь,
Насыпыр ащ ипчэдыжь.

Лэжьэным щырагъэкIокIышъ
Лэжьыгъэм ишIуи щагъэкIы.
Лэшэпсынэ чылэ зэкIужь,
Насыпыр ащ ипчэдыжь.

ЛIыхъужъхэр къыдэзэрэхы,
ХьакIэри щызэтырахы.
Лэшэпсынэ чылэ зэкIужь,
Насыпыр ащ ипчэдыжь.

## НЫСЭГЪЭШЮ ОРЭД

(Народнэ орэдышъом илъ)

Жъогъо дахэу тэ тиунэ къыщепсэу
Нысэ мафэ тэ тикIалэ къегъэса.
Жъыу: Ох, орида-дэ ридадэ,

Непэ щегъэжьагъэзуи тигупса.
Тыфэхъохъу псауныгъэ иIэнэу,
Шхыныгъуиблыр иIэнэшIуи тетынэу.

Жъыу: Ох, орида-дэ ридадэ,
ЗэрыкIорэ гъогури тыгъэпса.

Бынэу зыхэхьагъэмкIэ гухахъоу,
Гуащи пщыпхъуи ягонэсэу орэхъуа

Жъыу: Ох, орида-дэ ридадэ,
ШIулъэгъу машIор ащ ынитIу къакIэпса.

Iофым зыфэбгъазэкIэ къемылэу
ИзекIокIэ-шIыкIэкIи ялыя.

Жъыу: Ох, орида-дэ ридадэ,
Ынапцэхэр пцIэшхъо тамэу зэдыса.

Илъэс къэси наныу цIыкIуи къыфэхъоу,
Ехъуапсэхэу быны лъапсэу орэхъуа.

Жъыу: Ох, орида-дэ ридадэ,
Непэ щегъэжьагъэу тигупса.

Зыхэхьагъи зыхэкIыгъи яшIугъоу
Ихъяр дахэ зэпымыоу алъэгъуа.

Жъыу: Ох, орида-дэ ридадэ,
Насыпыбэ мыухыжьэу игъуса.



## ХЭГЪЭГУМ ПАЕМЭ

Хэгъэгум паемэ,
Ащ ищыкIагъэмэ,
Сыд къысаIуагъэми,
Сэ згъэцэкIэни,
Сыд ащ шIоигъоми.
Сэ зэшIосхыни.

Хэгъэгум паемэ,
Ащ ищыкIагъэмэ,
МашIоми псыхъоми
Къысэмылыни,
Хъоти фыртыни
Сэ сахэтыни.

Хэгъэгум паемэ
Ащ ищыкIагъэмэ.
Зы Iулъхьэ сиIэми,
Дэсыугощыни;
Анахь силъапIэуи
СиIэр естыни.

Хэгъэгум паемэ
Ар ищыкIагъэмэ,
Ошъо къатиблми
Сапхырыбыбыни,
Анахь жъогъо чыжьэм
Сэ сынэсыни.

Хэгъэгум паемэ
Ащ ищыкIагъэмэ,

Ар сянэ панкIэшъы,
ЩэIагъэу сиIэм
Сэ езгъэхъуни,
Ар згъэгушIони.

Хэгъэгум паемэ,
Ащ ищыкIагъэмэ,
Сымычъыени сэ,
Пшэхъолъэ чIыпIи
Къушъхьэ лъэгапIи
Сэ зэпысчыни.

Хэгъэгум паемэ,
Ащ ищыкIагъэмэ,
СищыIэныгъэ сэ
Сышъхьамысыни,
ШIуагъэ къыхьыщтымэ,
Ар сэ фэстыни.

## ГЪЭТХЭ КЪЭГЪАГЪЭХЭР

Гъэтхэ къэгъагъэми, о-уй
ЧIыр къагъэдахэри, о-уй,
Дахэ зэтIожьэу тызэдыщыIэмэ,
ШIулъэгъур мыкIосэхэн!

* * *

Щэрэхъыр къутэмэ, о-уй,
Кури къэуцури о,
ШъхьагъусэгъушIуи уимыIэ зыхъукIэ,
Гури мэкIодыри о.

* * *

Уахътэр блэбгъэкIымэ, о-уй,
Къымыгъэзэжьыри о,
Сыдигъуи уахътэр хъупхъэм игъусэшъ,
Уахътэр гъэлъапIи о.

* * *

Жьэгъэ зэшиблыри, о-уй,
Огум къыщэблэри о,
Унэ нэгъуитIур сыгу къыщэблэшъ,
Гъэры сашIыгъи сэ.

* * *

Гъэтхэ къэгъагъэми, о-уй,
ЧIыр къагъэдахэри о,
Дахэ зэтIожьэу тызэдыщыIэмэ,
ШIулъэгъур мыкIосэхэн!

## ЗИ ФЭIУАГЪЭП, О ПШЪАШЪЭР, КЪЫЗДАКIУ

Тыгъэ нурэм къэгъагъэр къегъэкI,
Сэ усымылъэгъумэ бэу къысщэкI.
Чэщи мафи сэ сыгу къыпфакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр, къыздакIу. } ТIо къэпIощт

Унэгушъхьэ шъабэхэр къэшэплъ,
О унитIу сямызэщэу сяплъ,
Пстэуми апэу сэ о сыкъышфакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр, къыздакIу. } ТIо къэпIощт

Сэ сишIулъэгъу оркIэ мыкIосэн,
О унитIу сэ сафэусэн.
Шъыпкъэ дэдэу сыкъэмыушъхьакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр, къыздакIу. } ТIо къэпIощт

МашIуи псыхъуи ощ фэшI сахэтын,
Сыдрэ къини о пфызэпысчын.
Сыпщэгугъышъ уадэжьы сыкъакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр, къыздакIу. } ТIо къэпIощт

ГъэшIэныгъэм сэ усигъусэн
Зыми темыхъуапсэу тыпсэун.
Семызэщэу о сэ сыкъыпфакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр, къыздакIу. } ТIо къэпIощт



## ПЭНЭХЭС ИОРЭД

Адыгэ хэкум шIукIэ къыхэщы,
Насып гушIуагъор хышхоу зылъещэ,
Советы хабзэм къегъэкIэракIэ,
Хъопсагъо, тхъагъо джы ищыIакIэ.

Си Пэнэхэсыри о,
Гъэбэжъум хэсыри о,
Тыжьын лэжьыгъэми о,
Дышъэр къыкIакIори о.

Ти Пэнэхэсы жъыгъэр щэкIэжьы,
НыбжьыкIэу дэсыр зэлъеужьыры,
Пшъэшъэ дэхабэу дэсым иIуплъэ
Угу къагъэкIы къэгъагъ шэплъыр.

Си Пэнэхэсыри о,
Гъэбэжъум хэсыри о,
Тыжьын лэжьыгъэми о,
Дышъэр къыкIакIори о,

ЛIыхъужъы бланэу Абубэчырыр
КъызыщапIугъэр а къуаджэр ары,
УсакIор джыри къыпфэусэнэу
Егугъу зэпыт уищытхъу хэхъонэу.

Си Пэнэхэсыри о,
Гъэбэжъум хэсыри о,
Тыжьын лэжьыгъэми о,
Дышъэр къыкIакIори о,

## УЕГУГЪУМЭ КЪЫОГУГЪУЖЬЫ

(Народнэ орэдышъоу «Си Мерэм» зыфиIорэм илъ)

Псыхъо ини псыхъо цIыкIуи щыIэ пстэумэ
Ягъогухэр хышхом екIужьых,
Сиорэди сигупшысэ IэшIуи зэкIэ
Зы шIулъэгъу иным фэкIожьых.

ШIулъэгъур сэмэркъэу Iофэу щытэпи,
Ар зыгъэпыутрэр кIэгъожьы,
ШIулъэгъуныгъэм зи нахь шъабэ щыIэпи,
Фэпхъашэрэр ежь зэгоожьы.

Тыгъэнапэм къэгъэгъэ шъэбэ гохъымэ
Атхьапэхэр къыщызэIуахы,
ШIулъэгъуныгъэм IункIыбзэ шъэфэу иIэри
Iузыхырэм игъашIэ кIыхьэ.

ШIулъэгъуныгъэм уIэгъэ макIэ фэпшIыми,
Ар анахь инэу къыпщэхъу,
Ар шIоIофэу зыухъумэу щыIэ пстэуми
Ямурадн дахэшъ къадэхъу.

ШIулъэгъуныгъэр хычIэм нахь куоу аIошъы,
Ащ ычIэ лъэшэу нэсыгъуае,
ШIулъэгъум илъэуе лъэшэу лъагэшъы
Хэт щыщи чыжьэу дещае.



## СЭРЫКIЭ ТЫГЪЭУ УНЭФЫН

Услъэгъуным сыкIэхъопсэу
Тэ укIоми сэ сыкъэсы,
Жъогъо мафэу укъысфепсэу
ЦIыфэу щыIэм уакъыхэпсы.

Сэ ощ пае машIуи псыхъуи
Зи сщымыхъоу зэпыстхъуни,
ПкIыхь пэублэу сиIэр оры,
Синасыпыр о зыр ары.

IэшIу-IэшIоу сыгу ухэлъэу
Ощ пай орэд зэхэсэлъхьэ.
ТитIо гъусэ зытэгъэшIи,
КIымафэри гъатхэу тшIыни.

Уц къэгъагъэу чIышхом тетыр
Зы Iэрамэу сэ остыни,
О санэIу ренэу ити,
Сэ згъэшIэщтым нахь хэхъони.

ЦIыфы цIыкIум гъашIэу иIэр
ЛIэшIэгъу пчъагъэу амылъыти,
Ау шIулъэгъоу о пфысиIэр
СыщэIэфэ сымыухыщти.

Жъыу: Синэскурэу-нэскурын,
Сэрк Iэ тыгъэу унэфын,
Синэскурэу-нэскурын,
Ор къурмэнэу сызфэхъун.

# ЦЫЗЭ ЦIЫКIУМ ИОРЭД

ПкIэшъэ Iужъумэ ахэкIуашъ,
Ышъхьэ цIыкIу фэIушъашъ.
Цызэ, цызэ, цызэ,
Пхъашъхьэм щэчэрэзы.

Чъыгы шъхьапэм пытэу тес,
ПсынкIэу, дахэу зегъэсыс.
Цызэ, цызэ, цызэ,
ЗэкIэм зыкъегъазэ.

Дэжъыябэ зэгуегъэз,
КупкIы IэшIур къырегъэз.
Цызэ, цызэ, цызэ,
Цапэхэр къегъабзэ.

Хъурэябзэу зыкъеплъыхь,
Чъыгы шъхьапэм щыбэлахь.
Цызэ, цызэ, цызэ,
Бэрэ ар мэплъызы.

Ынэ цIыкIухэр щыгъыжъый,
ЗыгъолъыжькIэ — хьалыжъый.
Цызэ, цызэ, цызэ,
Пхъашъхьэм щэчэрэзы.



# ТЯНЭ-ТЯТЭМЭ ЯОРЭД

ЦIыфыр щэIэфэ анахь икIасэм
Орэдым хэлъэу сэлам рехыжь,
Тэ тызыпIугъэмэ тэ ятпэсыгъэр,
Ей, орэдым иорэдыжь.
} ТIо къэпIощт

Къэралы кIасэу тызыгъэсагъэм
ТищыIэныгъэ къегъэкIэракI,
Тэ тянэ-тятэу къыддэлэжьагъэм,
Ей, къатыгъэр насып щыIакI.
} ТIо къэпIощт

Тыгъэм ифабэ зэпымыуахи,
Шъуигуфэбагъэ къыщымыкIах,
ГукIэгъоу шъухэлъым гури къеIэты,
Ей, къарыур шъо къытэшъот.
} ТIо къэпIощт

ЦIыфыр Iумафэу, бэгъашIэ хъунэу
Мы тиорэди къыхэтыдзагъ,
Шъхьаджы ичэфы къыхигъэхъонэу,
Ей, насыпыр тэ къытфэкIуагъ.
} ТIо къэпIощт

ЦIыфыр дэлажьэ, чъыгыр къегъэкIы,
Тэ тызыпIугъэхэр тыгу имыкI,
Шъо шъузытлъэгъукIэ тщиз тэ къытхахъо,
Ей, тэ тянэх, тятэх, шъопсэу!
} ТIо къэпIощт

# СЭМЭРКЪЭУХЭР, ЩЭБЗАЩЭХЭР

## ХЬАБИБЭ ЗЭГУПШЫСЭРЭР

(Сэмэркъэу)

Бэгъашlэу ныо чэфылэу
Дэсыр сэ хъугъэ тичылэ,
Ахэм ащыщэу Хьабибэ
Пылъэу къаlуатэ хъишъабэ.
Гъэтхапэр къызэрэнэсэу
Хьабибэ зэлъегупшысэ:
— Дунаим икlэрэкlэгъум
Упсау-таумэ дэгъу.
Хьабибэ гъатхэм зыпещэ:
Гъэтхэ жьы къабзэр зыlуещэ,
Къэгъэгъэ бынмэ ахэплъэ,
Гъэмэфэ фабэм ар паплъэ,
Аузэ гъэмафэр къыкъокlы,
Ныо бэгъашlэм хеlукlы:
— Гъэмэфэ уахътэр гушlуагъо:
Гъэмафэм сэ нахь сешlугъо,
А уахътэм хъытыу аджалым
Зырязгъэубытэрэр бэу делэ...
...Хьабибэ гъэмафэм хэблыхьэ,
Гъэбэжъу шхыным хэплъыхьэ...
Гъэмафэр игъогу техьажьы,
Тетыгъор бжыхьэм ретыжьы.
Бжыхьэпэ дышъэм хаплъэшъы
Хьабибэ джы мэlушъашъэ:
— Сикlас сэ бжыхьэр егъашlи,
Бжыхьэрэ джэгубэ ашlы,
Пкlышъхьэ-мышъхьабэми гохьэу
Ямэlэшlу жьым щызэрехьэ.
Бжыхьапэм шlу сэ къысфешlэ,
Хегъахъо джыри сигъашlэ.
Бжыхьэм ыныбжьи еухы,
Кlымафэм ипчъэ къыlуехы.
Жэкlэфыр къыlуфэфыкlэу
Щтыргъукlыр кlыгъоу къыкъокlы
Хьабиби макlэу гумэкlэу
Тхьагъэпцlэу къыlогушlукlы:
— Кlымэфэжъ фыртынэ дакlоу
Сиджагъом аджал къыфакlо,
Сыфэяхэп сыгу уцунэу,
Чылэри згъэгумэкlынэу...
Хьабибэ къесэрмэкъэух,
Упчlэхэр къытыратакъох:
— Ущыlэзэпытыщта о сэlо,
Хьабиб, о шъом уекlыlо?!
Хьабибэ лъэшэу къэчэфы,
Джэуапыр къызэрегъафэ:
— Тумы охъу аджал щынагъор,
Тумы охъу къезыгъэжьагъэр!
Шъо шъумылъытэ сыныбжьыр,
Тхъагъоу сиlэм сщегъэгъупшэжьы,
Тищыlакlэ непэ нэфынэшъ,
Сыфаеп дунаир схъожьынэу!

## ХЬАМОСЭ ЫКЪО ЕГЪАСЭ

Хьамосэ ыкъо лъэрыкIо
ЕпIорэр зэкIэ гурэIо,
Ащ пае ятэ нэгушIоу
Ишъао бэрэ пэгушIо:
— А, ситIыхъу, уасIорэр зэкIэ
О удэмыхэу гъэцакIэ,
Джащыгъум ухъущт лъэгъупхъэу,
КъыуаIощт: «Сыдэу лIэхъупхъэ!».
Джаущтэу мо ти Хьамосэ
Егъасэ икIэлэ кIасэ,
Мафэ къэс тфэ еIофытэ,
КIалэми гуфит-шъхьафитэу
Тучаны гъогур еубэ,
ИкIырэп ахъщэр иджыбэ...
Тутыни сыди ащ къехьы.
Мо кIалэр чэфым зэрехьэ:
Жъгъэйхэри ащ къызфегъанэ.
Ар фэхъу Iэпэчlэгъанэ.
ТыгъукIи шIогъэшIэгъонэу
Тутыныр къызэкIегъанэ...
Ишъыпкъэу мо ти Хьамосэ
Егъасэ икIэлэ гупсэ.
Тутыным ыуж пивахьэм
Шъзожъые цIыкIур пегъахьэ,
Къанэрэм щыщэу зы Iуби
IубитIуи кIалэр лъэIабэ...
Дыджышъо фэдэу къыщэхъу,
Ауми хегъахъо, регъэхъу.
Хьамосэ сабыим къыщэтхъу:

— ЛIы шъыпкъэ хъугъэ ситIыхъур!
Хьамосэ псы фыжьыр еIэты,
Ыкъо цIыкIу пивэ тасыр реты...
Джаущтэу мо ти Хьамосэ
Егъасэ икIэлэ кIасэ.
Къыхэхъо ащ игулъытэ,
Ахъщэу ыIыгъыр къелъытэ,
ШIомакIэшъ мэIэтхъо-лъатхъо,
Тыдэ къырихыми хегъахъо.
Мафэрэ зимыгъэзэщэу,
Хьамосэ шъаом инащэу
Чылэ буфетым зыдещэ,
ЕшъокIо пащэмэ ахещэ...
Iугъо-гъозыер къычIехы,
Хъонагъоу щыIэхэр зэхехы...
КIалэм ыгу ахэр реубытэ,
Бжъэ цIыкIур щырагъэIэты...
Джаущтэу мо ти Хьамосэ
Егъасэ икIэлэ гупсэ.
ХэшIыкIэу кIалэм зеIэты,
Портфелэ цIыкIур къыраты,
УблэпIэ школым къагъэсы,
Еджэнэу ар агъэтIысы.
Апэрэ мафэр — кIэщыгъо,
Ау къыкIэлъыкIорэр — зэщыгъо.
Хьамосэ ыкъо мэбзаджэ,
Ар фэмыяхэу рагъаджэ...
ЧIэлъэтышъ буфетым мачъэ,
Апчыхэр къызэфегъачъэ,
Тутын гъуамэр къыIоу,
Джэнабгъэр къызэIегъэу...
ЩызэутэкIы жъгъэибэ,
Одыджын папкIэу иджыбэ
Пчъагъэрэ непэ мэхъуанэ,
Ар сэрэп еIо етIани...
КIэлэегъаджэхэр мэгуIэ,

Хьамосэ макъэ ргъэIу...
Лъэшэу мэгубжы Хьамосэ
(ИкIалэ ащ зэрэщысэу)
ЕджапIэр зэлъегъэмысэ:
— КIэлэегъаджэхэр дэи!
ФэмыфызакIэх... Ахэри!
АщIэрэп кIэлэ гъэсакIэ...
ШIэныгъэу яIэри макIэ.
Хьамосэ «икIэлэ пIукIэ»
Чылэр ехъуапсэу къышIошIы,
Ау ащ ишъэо гъэсакIэ
Шъыпкъэ дэдэу тхьамыкIэ.

## ЗЭФЭУСЭ-СЭМЭРКЪЭУ

(КIалэмрэ пшъашъэмрэ зэпагъодзызэ къызэдаIо. Народнэ орэдэу «Си Къасым» зыфиIорэ пщынальэм илъ)

Псы фыжьы ешъонкIэ убэлахьышъ
Чыфэ оштэшъ аркъыр къяогъахьы,
Бэшэрэбым уисэу,
Пцэхэри къыIупсэу
УщысыкIэ пшъашъэ къыбдэкIона.

Нэф зэрэшъэу гъунджэр о къэоштэ,
Бжьэматэшъы пшъхьаци укъегъащтэ,
Псэлъыхъом улъэхъу,
Узылъэгъурэм кIетхъу,
Сызиджагъом псэогъу уфэхъу.

Сыхъулъфыгъ сэ оIошъ укъекIокIы,
Пшъашъэ пIонэу шъхьацыр къэогъэкIы,
Шысэкоу ущъуашъоу,
Пшъэшъашъо къыптеоу
Шъхьацы кIахьыр уакIыбы щэджэгуа.

Мастэ уафеIэныр о умыдэу
ШIыхьафыкIэ джанэр легъэды,
О уифэмыфыгъэ
Пасэу уигъэжъыгъэу
Хэты мыгъом псэогъу уишIына.

Гъогу сапэр зэлъыбгъэутысэу —
Джэгу хъумэ лъэхъукIэ унэсы,
О уилIыжъы жакIи
Мэзэу къэогъэкIы,
Пшъэшъэ лъэпкъи къыбдэмыкIошъуна.

Зымытхьак|эу пудрэр зыщыофэ,
Пшъхьац гъэлагъи шъуиблэу зэтырафы,
Цуакъэр къэо|уант|э.
Зыо|онт|э-щант|э,
Зы псэлъыхъо к|али къыплъымыхъуа.

Тхылъы лъэпкъы нибжьи уафемыджа,
Нахьыжъыми уакъыфэмытэджа,
Чъыеным урек|ы,
Шъхьахынэм уеук|ы,
Пщъэшъэ пстэуми агухэр къыпщэк|ы.

О бгык|ырэр уянэ егык|ыжьы,
Бгъажъэрэри хьэмэ аратыжьы.
П|упш|и къэогъэбжьы,
Пстэуми уафэгубжы,
Псэлъыхъохэр ик|ыжьыгъ уаужы.

## МЫ ПШЪАШЪЭХЭРИ!

(Сэмэркъэу)

Гъэтхэ мыухыжьыр ягъусэу
Анэ гуш|опсыр къык|эпсы,
Пшъашъэхэр фаехэ хъумэ,
Мыжъоми псэ къыпагъак|э.
Мы пшъашъэхэри, мы пшъашъэхэри,
Къагъашъо л|ыжъы джыгытхэри.

Пшъашъэмэ яжъгъыу щхы макъэ
К|алэхэр зэтырагъакъэ,
Анэш|у дахэ къыпщыфэмэ,
Пфэмыхъоу укъагъэчэфы.
Мы пшъашъэхэри, мы пшъашъэхэри
|офы хадзэ къэзыщагъэхэри.

Дунаем тетыхэу щытымэ
Зыфаер къыуагъэгъоты,
Умыш|и пш|эрэ щы|эми,
Пшъашъэмэ къыуагъэ|уатэ.
Мы пшъашъэхэри, мы пшъашъэхэри
Аш|э псэлъыхъоным хэлъы шъэфхэри.

Пшъашъэхэр къашъохэ хъумэ,
Дунаер адэчэрэзы,
Псэлъыхъо к|алэ алъэгъумэ,
Бзыу хьарзэм фэдэу загъазэ.
Мы пшъашъэхэри, мы пшъашъэхэри,
Зэблэчъэу аш|ы псэлъыхъохэри.

Гъатхэрэ уафэмысакъмэ,
Ш|улъэгъур агу щэт|ыргъошъ,

Ным ыкъо закъоу иIэри
Зи рамыгъаIоу атыгъу.
Мы пшъашъэхэри, мы пшъашъэхэри,
Зэлъагъэнэфы мэзэхэ шIункIыри.

ШIу зэрэплъэгъурэр ашIэмэ,
Пщагъэгъупшэ ущыIэми;
Уинасып угу пытаIомэ,
УкIодыгъ угу мыпытэмэ.
Аенасых мы пшъашъэхэри,
Гууз ашIы хъулъфыгъэ пстэухэри.

## АЩ ФЭДЭМ СЫДЭУЩТЭУ УЕДЖЭЩТА?

Мэфэ нэфэу пIэм ашIуекIужьы,
Фэпагъэуи ашIогъолъыжьы,
Зэрэбынэу щытэу ыдэжьы
Чъыс пэтээ атIэкIахьыжьы.

Щэджэгъуанэм пIэм къыхалъэшъу,
ЛъакъокIэ пIэтехъор елъэшъу,
Онтэгъушъы напIэхэр шIуефэхы,
Шъхьаукъэзэ Iулъхьэхэр регъэхы.

Ыпъхьэ къыIэтынкIэ мэшъхьахы,
ЛъэкъуитIур ерагъэу зэблехы,
ЗэрэтIысэу ышъхьэ къышIозы,
Тхылъыр къымыштагъэу Iэпэзы.



## ШХЪОГЪОЛЭЖЪЫКЪОМ ИДАГЪУ

Шхъогъолэжъыкъо Хьажъуагъо
Къышъуфэсэlуатэ идагъо:
Емызэщыжьэу мэшъугъо,
ЕхъулIагъ шъугъоным шъуагъо.

Шъэогъоу иIэр пэрытэу,
Зыхэты купым ылъытэу
Ылъэгъумэ ышъо къыпэзы,
УзыкIаеу ыгуи мэузы.

Гъунэгъур гъэкIэрэкIагъэу,
ЗэкIужьэу дахэу фэпагъэу
Къифэмэ ыпэ Хьажъуагъо,
ЫнэкIэ елIы щынагъоу...

Уиунэ ар къебгъэблагъэу
Шхын зэфэшъхьафкIэ пхьэкIакъэу
КIожьымэ гопае мэхъу,
Дунаир уиIэу къыщэхъу.

Нахьыжьэу о укъэтэджэу,
Дэгъоу уишъыпкъэу улажьэу
Ыпэ узишъыкIэ зестыжьы,
Ежь-ежьырэу ыгукIэ зелIэжьы.

Шхъогъолэжъыкъо Хьажъуагъо
Илъэп нунагъо гушIуагъо:
МэщIусэу илъри бгъотагъэ,
Iэнэжъэу итри гъукIагъэ.

Шъугъоным зэрар нэмыкIэу
Зи федэ ащ къыпымыкIэу
Зэрэщытыр хэти зэхехы,
Шъугъорэм зэрар зэрехы.

Шъугъорэр — мыгъоу кIэлъэшъу,
Шъугъоным цIыфыр егъэшъу,
Iофы пшIэзэрэ нэкъуакъо,
Джащыгъум чэфэу обакъо.

Шхъогъуалэр сыдигъуи «нэшъу»,
ЩыIэныгъэмкIи корэшъу.

## ТИЗЫКЪУАДЖЭ ЕХЬЫЛIАГЪ

Ешъоным зэрарэу пылъыр
ГъэшIэгъониблэу зэхилъхьэу,
Ишъыпкъэу тэ тизыкъуаджэ
Лекцие бэмэ къафеджэ.
Ау ежьыр аркъыр ипкIыхьэу
ДжыбэкIэ ренэу зэрехьэ,
Псы къызэрыкIоу рекIыхы,
ЗырамыгъашъокIэ къэмахы.



## БЫНМЭ ЯКIЭЛЭ ЗАКЪУ

Джанэу щыгъыр осэу фыжьы,
Гъунджэу тыгъэм пэлыдыжьы,
ЦокъэкIитIур кIыкъы-сыкъышъ.
АтеIункIэ ащ ишъыпкъэу...
Исыхьати дышъэ шъыпкъэ,
Ипшъэдэлъи тIоу зеукъы,
Нэгъунджэшхор шIуцIэ-шIуцIэу
Тет гъэIагъэу ащ ыпэпкъы.
Тутыныр зыIуегъэпщы,
Iугъор пщагъоу ащ къетIупщы.
Къэщэныбэ къызэблехъу,
Анахь дахэу щыIэм лъэхъу,
Ахъщэ хъущи къызыкъуехы,
Рестораным къычIеухэ.
Щыгъын дахи тыдэ къыхра,
Ахъщэ хъущи хэт къыритра?
Непэ янэ, неущ ятэ
КъыфзэIуахы ащ янхъуантэ.
«КIэлэ закъор орэтхъэри
Зэрэфаеу щэрэIэри,
Тэ тыфаеп ащ нэмыкIы,
Ащ пай зэкIэ тыгу пэкIы», —
Янэ къеIо, тым ар дештэ,
Ау а кIалэм тэ тыфащтэ:
Ынэ мыплъэу гъогум рэкIо,
Жъыгъи кIали апэшIуекIо,
Бзылъфыгъэмэ яутэкIы,
Хъонэгъуаби къыIошIыкIы.
Яни яти къыдакIуахьы,
Чэщи мафи къыдачъахьы,

КӀэлэ закъор агъэразэ,
КъэпчэуӀумэ апсэ Ӏозы:
— ЩышӀыгъэна ащ зыгорэ, —
Ӏэ къыщафэ бэрэ бэрэ...
— Икъугъ, — ыӀуи, — сишӀэныгъэ, —
Нықъоеджэу уцужьыгъэ...
Зэгуихыщтэп ащ зы тхылъи
Пфынэсыщтэп газет налъи,
МэкӀэ дэдэшъ игулъытэ,
Ахэр лыеу ащ елъытэ.
Зэ пчэн жакӀэу ар къытехьэ,
Зэ лӀыжъ пакӀэ къызтрегъакӀэ.
Зыуж итыр къежьэгъакӀэу
Моднэ закӀэу щыгъыныкӀэ.
КӀэлэ закъоу яӀэшъ бынмэ
Ар апашӀы нэбгырэ минмэ:
Сыд ыӀоми ащ фагъэгъу,
Сыд ышӀэми аӀо «дэгъу».
Ар фэяхэп Ӏоф ышӀэнэу,
ПкӀэнтӀэ ткӀопси ащ къехынэу,
АфишӀэрэп ащ зы цыкъи,
ПфиӀэтыщтэп мыжъо кӀыпкъи,
Ау еӀэтых бжъэхэр псынкӀэу,
ИкӀас дэгъоу ахьакӀэнкӀи,
ЯмышӀыкӀэу зифэпэнкӀи,
Мыхъун ӀофкӀи къахэщынкӀи.
Бынмэ яӀэ кӀэлэ закъор
ХэукъокӀаеу къыхэукъо:
Ежь зишӀыгъ цӀыфы ныкъоу,
Сыдми тет ар чӀым ныбжьыкъоу.
Бынмэ акъо гъэсэхъукӀаеу,
Нэпэтехэу цӀыф шъхьапаеу
Хъугъэшъ орэд фэтэусы,
Яни яти тэгъэмысэ.



## ШУ ЗЫШӀЭРЭМ ШӀУ ФЫЩЫЛЪ

## ХЬАХЪУРАТЭМ ИТХЫД

Поэм

Урамыбэмэ ащыщ
ИтеплъэкIэ къахэмыщэу
ХьакIэ купы сырягъусэу,
СыкъырэкIо сегупшысэу.
ХьэкIэ купмэ лIы къахэкIы,
Нахь къыскIахьэшъ къысэупчIы:
— Мы урамэу тызытетым
Хэты щыща зыцIэ тетыр?
— ЛIы батырэу Хьахъуратэр!
— Хэты щыща Хьахъуратэр? —
Сиджэуапы хьакIэр къежэ.
СигущыIэ къесэгъажьэ:
— Къоджэ чыжьэу Хьащтыку цIыкIу
ЦIыф цIэрыIом игъогу къекIы,
ЧIыпIабэмэ ар зэлъякIу,
НыбжьыкIэзэ шIу ыгу къэкIы...
...Ленин пащэр гъуазэу иIэу
ТхьамыкIэхэр къегъэущы,
Гъэпсэфыгъо зи имыIэу
Шъхьафит банэм фызэхещэ.
Егъэзыгъэу, цIыф кIочIаджэу
Шъхьафитыджэм макIошъ еджэ:
— ЧIыр олэжьышъ—оры зыер,
Пыеу уиIэр — гъэпщылIакIор,
Гъаблэм игъус узы Iаер,
ИкъэкIуапIэр — щыIэкIаер.
Большевикмэ ягугъапIэр —
ЛэжьэкIуадзэм щыщэу оры,
Iашэр, Iашэр гъэхьазыры,

«Мардж!» зэрэтIоу ущымысэу,
Тел-елбэтэу псынкIэу шэсы.

* * *

Пачъыхьагъум нIумэтхэу
ЗызшIоинэу тахътэм тесхэм
Агу темыфэу Хьахъуратэр
Хьэм рагъэшхэу зэлъаубы:
«...Большевикмэ лIыкIоу яIэу
Хьахъуратэр хъущтэп тщаIэ:
ПачъыхьагъумкIэ щынагъо,
Ащ къегъакIо бэу иягъэ...
ЛэжьакIохэр егъэушIоркъы,
Пытэу гот ар тхьамкIэ лъэпкъым,
Оркъэу щыIэм ар къепын...»
Адыгэмэ ар ахащы,
ЦIэмэз къалэ арагъащэ,
КъыдагъэкIрэп Новороссийскэ,
ПлъакIоу фашIы полицейскэр...
Ау апIугъэп къэрэбгъэлIэу,
Зигъо Iофым ар ехъулIэ,
Бгъашхъом фэдэу зыкъеплъыхьэ,
Рабоч купмэ зафрегъахьы.
— ГъэпщылIакIоу щыIэр зэкIэ
Шъуилэжьыгъэ хэбанкIы,
Икъун ахэм шъукIэхахыгъэр,
Фэрэхъу гъунэ ятетыгъо!
Большевикмэ ягъогу мафэ
Ленин лIышъхьэм къегъэнафэ,
Нарты купэу шъуззэкъуахьи,
Ленин гъогум шъо шъутехьэх!
НэмыкI шъыпкъэу хъущт щыIакIэр,
Шъуинасып шъо илъ шъуIэмычIэ,
Шъоры хабзэр зысу хъущтыр,
Зэрэфаеу тхъэу псэущтыр!»...



* * *

Хьахъуратэр фельдшер Iазэшъ
«Сымэджабэмэ» афэзы,
Большевикмэ яIоф фэшIы
Пшъэрылъ шъэфхэр ащ афешIы...
Чэщы шIункIым зегъэбзэхы,
Къоджабэмэ адэпсыхэ,
Большевикмэ ячылапхъэ
Къоджабэмэ ащырепхъы...
Пшъэрылъ иIэшъ нэф къэмышъэу
Къоджэ чыжьэм нэсын фае,
Пшызэ къехьы имылышъэ,
Жьыбгъэр кIэтышъ икIыгъуае...
ЛIым ышIуабэ машIэшъ машIэ,
Къошъофыри дэгъоу ешIэ...
Жьым шъхьархъоныр дэбыбатэу
Псыхъом екIы Хьахъуратэр...
...Къуаджэр чъыем хилъэшъуагъэу,
Гъогум тетыри уцуагъэу
Къоджэ цыпэмкIэ къыдахьэ,
Къымчэрые дэжьы Iохьэ.
Ипчъэблыпкъы щэ ар тео,
Къымчэрые чъыер теу,
КъыIухьагъэм гу къылъетэ,
Тхылъы шъэфыхэр къырeты...
Iэгум шIэхэу къыдэкIыжьы,
Игъогу къины къытехьажьы.
Хьащтыку гъогум къытыредзэ,
Янэ гупсэ ыгу къыредзэ;
«Къысфэзэщы сянэ кIасэ,
СищыIакIи егупшысэ,
Бэу шIоигъу ащ сэ силъэгъу,
Гъунэ иIэп игукIэгъу...
Сянэ гупсэ ищыпс гохьи,
Ищэламэу Iум иткIуахьи

СІупс къафечъэ сэ бэшІагъэу...» —
ОтІы-псытІэу, чэщныкъом
ЛІыр яІэгу къыдэхьажьы,
Хьэкъэрэжъыр зэ къэхьакъушъ,
Ащ лъыпытэу мэІэсэжьы,
ЫшІэжьыгъэпъ Хьахъуратэр
ХэгушІукІэу мэпцІымамэ.
Ылъакъомэ зыкъащехъо,
Шинелыми етхъо, етхъо...
«Хьэ къэрэжъым зи римыІоу
Хэт Іутыщта тэ типчъэІу,
Си Шыхьам ар, сыгу къысеІо,
Нэфэшъхьафэп, шъыпкъэу сэІо!» —
Ным къешІэжьы ежь илъфыгъэ,
ГушІом хэтэу шъэфэу гъыгъэ.
— Тян, рэхьатэу угукІэ зышІы,
Бырысыри тэмыгъэшІы...
— СикІал, сыд о уихэтыкІа?
Бэу уод гущ, омэлакІа?!
— Тян, Іоф Іаджи сэгъэцакІэ...
УмгумэкІ о сэщ паекІэ...

* * *

Нэфышъагъом Хьахъуратэр
Зыщэлъэтышъы ежьэжьы,
Къоехьали гуубати
Янэ ыкъо лъырехьыжьэ...

* * *

МэшІолыгъэр пыим къедзы...
ЛІыхъужъ илъыжьмэ яшыудзэ
Батыр шъыпкъэу апэ итэу
ЛІыгъэ ешІэ Хьахъуратэм.
...Большевикмэ гъуазэу яІэ



Ленин-пащэм къызэриІоу
Лъэпкъы пстэухэри зэкъотых,
Пыйхэр бэрэ къецэлашхэ,
Ау игъусэшъ цІыфы жъугъэр
СыдигъокІи нэщхы-гущхэу
Ащ къыдэхъу рихъухьагъэр.
Урыс ткъошыхэр игъусэу
Автономыр зэлъегъэпсы,
Совет хабзэм итыгъэпси
Нахьы лъэшэу хэкум щепсы.
ЦІыфы жъугъэхэр зыфэер
Большевикмэ ашІэу хабзэ:
Хьахъуратэр хэку тхьаматэу
АшІоигъоу цІыфмэ хадзы...
Пчэдыжь къэси къулыкъу шІапІэм
Хьахъуратэр апэу къэсы,
ИпчъэІупэу цІыфы кІуапІэм
ЛэжьакІохэр щызэфэсы.
Іофы цІыкІоп пстэуми яІэр —
Ялъэгъун ащ Хьахъуратэр:
— Хъурэп къуаджэм итхьэматэ, —
КъэкІуагъэмэ къыфаІуатэ,
— ТищыкІагъ тэ лъэмыджыкІэ,
Пшызэ псыхъо ынэ къекІы,
МакІэ иІэр тихьыпэнкІэ!
— Тыфай тадэжь укъэкІонкІэ!..
ЛъэІоу иІэр шъхьаджы къеІо,
Хьахъуратэр ащ ядэІу.
ЗищыкІагъэм ар ІэпэІэ,
Атет пстэуми ащ ынаІэ.
Нахьыбэмэ нэфынэпсыр
Анэ чэфхэмэ къакІэпсы,
ХигъэтІысхьэзэ мыгуІэу
ЗэІукІэшхом щэгущыІэ:
— Зыч-зыпчэгъоу шъузэкъотэу
Шъупсэу, шъулажь! — Лениным еІо, —

Къэралыгъом шъо дежъугъаштэу
Шъуижъи шъуикIи шъузэдеIэх.
ЕгъашIэми адыгэмэ
ЗэдеIэжьыр ахэлъ хабзэу!
ЛэжьакIохэр зэджэжьхэшъы
ШIыхьаф шIынри дгъэфедэзэ,
Зэрэкъуаджэу тызэгъусэу
Тыпсэущтых зы колхозэу...
Тиунаеу чIыгур хъугъэ,
ТэркIэ ар бэу насыпыгъэ,
Зэдэлажьэр аIошъ тхъагъоу,
Ащ тежъугъэшлъых нIэшIугъэ.
ЛэжьакIохэм зэдатштэмэ
Зэпытчыщт тэ сыдрэ къини,
КIуачIэу тиIэр зэхатлъхьэмэ
Мы чIым тетэп къыттекIони...
ЧIыгур тфэхъущт гъэбэжъулъэ,
Гур къеIэты ащ итеплъэ...
...Хъоеу садхэр зэлъагъэкIы,
Iэхъогъуби къыдагъэкIы...

* * *

IофшIэкIошхоу Хьахъуратэр
Чэщи мафи губгъом итэу,
ХъупIи мэзи ащ къыкIухьэу
Хэкум къэбар щызэрахьэ,
Шахъоу чэщрэ хъупIэм итым
Хьахъуратэр хьазырыпсэу
ИIэ фэд шэхъогъусэу.
Трактор лъэшым ешэсыгъэн,
Садлэжьыным фэгъэзагъэн,
Хьахъуратэр яIофшIэгъоу,
Ар алъытэ яныбджэгъоу...
..Зиплъахьызэ жъуагъэм хэтэу
Бэрычэтэу, елыбэтэу



Мары къакIо Хьахъуратэр —
ЗэлъашIэрэ хэку тхьэматэр!
Хъуаy-пщаy джанэу щыгъыр,
Ащ къезэгъы бгырыпх псыгъор.
Гъогуи уахъти алъэгъугъэу,
ЩазымитIур жъы хъужьыгъэ,
ПаIоу щыгъыр ышъо къекIу,
Нэ IушитIур ащ къычIэплъы.
Ылъэ псынкIэу зырегъахьы,
Купмэ адэжь занкIэу Iохьэ,
ГъэбэжъугъоткIэ апэгъокIы:
— Сеплъы сшIонгъу шъуипсэукIэ,
Сыдэу хъура шъуищыIакIэ?
Зынэгушъо тыркъо телъэу,
ЗыIэгушъо жъуагъэр илъэу
Колхоз хьасэм лIыкIоу хэтым
КIэкIэу джэуап къыретыжьы:
— ДэгъукIаеу Iофхэр макIох,
Ау ягъэ Iаджми къакIо.
Чылапхъэхэр тIэкIу мэкIаIо,
Зы тракторкIи тыкъэлъаIо...
— Чъыгри къэкIрэп зы илъэскIэ,
Мэщри хъурэп зы мазэкIэ,
ШIэхэу къэсыщт тракторыкIэ,
КъежъугъэIэт ащ шъо шъуичIыкIэ,
Шъуиши шъуицуи зэдежъугъаIэх,
Арымэухэр шъумыщыIэх,
Чылапхъэри шъо шъуимакIэшъ,
Цэ закъори дышъэ папкIэшъ,
ШъумыуплъэкIоу, шъумыплъыхьэу
Къанэ хъущтэп кон IэпакIэ.
Агрономи къышъуфагъакIо,
Уахътэр пкIэнчъэу шъумыгъакIо,
Лэжьэн Iофым хэзышIыкIэу
Шъо шъуилIыжъми шъуяупчIыжьых...

* * *

Къэмыуцоу уахътэр макІо,
Колхоз Іофыр текІо, текІо.
ЛэжьакІохэр ащ кІэгушІух,
Ау зы кортмэ агухэр мышІоу,
Зым ыкІуачІэ хэбайкІыгъэу,
ЩыІэкІакІэр зиджэгъогъоу
Хэкум исмэ шхъор зэрахьэ,
Фежьэх Іофхэр зэІагъахьэу...
Зэ лэжьыгъэм машІор кІадзэ,
Зэ былымхэм уц аІуадзэ.
Зырызыхэр агъэшэхъу,
ЗымышІэрэр агъэплъэхъу,
ПцІы гъушъэхэр къызэхалъхьэ;
«Шъо колхозым шъулъапсэ кІехы»,
«Мылъкоу шъуиІэр зэкІэ ахьы»,
«Шъунсабыйхэр Китай Іусэу
ШІэхэу хъущтых, шъуунэхъущтых...»
«Зы чыхІэным шъучІэлъыштых...»

Ахэр зыІоу, нэІуагъэхэу,
ЩыІэкІакІэм ипый пстэухэр
Зэрэхабзэу хэукъуагъэх,
Коммунистхэр атекІуагъэх.

* * *

Большевикмэ ясатыры
Щыпсыхьагъэу Хьахъуратэм
Батыр цІыфхэр гъусэу иІэу
Тиколхозхэр егъэпытэ.
Комсомольцэхэр игупсэу.
Пионерхэр игонэсэу
Гъунэ лъефы япсэукІэ.
ФэгумэкІы хщыІакІэ:



Къоджэ благъи къоджэ чыжьи
Ибэу дэсхэм афикъужьэу
А зынаІэм алъэІэсы,
Ахэр къалэм къынагъэсы...
Шъхьаджи дэгъоу къырагъаджэ,
Рагъэшэсы шІэныгъэ лъапсэм;
ЩыІэкІакІэм къыфагъасэх,
Хьахъуратэм чэщи мафи
ЦІыфыкІэхэр егъэчэфы.
КІэлэцІыкІухэм нэшІукІэ яплъы,
ІаплІкъорэгъкІэ къызэрехьэх,
Зыр ыкокІы регъэтІысхьэ,
Зым ышъхьашъо Іэ къыщефэ...
Хъугъэ Іаджи ышъхьэ къехьэ,
Щыгъупшэщтэп ар щэІэфэ...
...Зы лІэшІэгъукІэ зэплъэкІыжьы,
Зэ хъугъагъэр ыгу къэкІыжьы...
Ным сабыир ыбгъэ кІэлъэу,
Іэбжьым цІыкІухэри зэкІэлъэу
Іулъ нэпкъ хымэм дыкъыжьыгъэу,
Къолэ-бзыухэр епчІыжьыгъэу...
...Хым иорхэри къафэгъы,
Гугъэузэу къаІотэжьы,
Гъыбзэм хэлъэу къынэсыжьы...
Джы сабыймэ ящыІакІэ
ГъэшІэгъонэу, насып закІэу
Зэрэхъущтыр Хьахъуратэм
Жъогъо бынмэ къафеІуатэ:
— Совет хабзэм шъурипІурэу,
Шъуянэ-шъуятэу къышъуфэплъырэу
Унэ нэфмэ шъуарысыщтых,
Гъогу мафи шъутехьащтых,
Сыхьат мафи шъо шъуежьэщтых...
Хэку кІасэр шъо къышъупаплъэшъ
Шъуемызэщэу шъуапэ шъуплъэх.
Шъумышъхьахэу шъо шъуеджэнэу,

Ильич иIо жъугъэцэкIэнэу,
Сыгу къыдеIэу сэ сышъуаджэ!»
Ямызэщэу Хьахъуратэр
КIэлэцIыкIумэ адэкIуатэ,
Ахаплъэзэ егупшысэ,
Сэнэхьатхэр арепэсы:
Шъэожъыеу шъорыогур
Трактористэу ащ ельэгъу,
Пшъашъэжъыеу шъхьацы тIыргъор
Хъугъэу шIошIы врачы дэгъоу!
Шъхьацыф цIыкIоу мо кIэлэхъур
Джы къыщэхъу летчик хъугъэу,
Поэт хъущт мо кIэлэ тхъоплъыр,
Пшъашъэ пIонэу шъхьац зытелъыр.
Шъэожъыеу чIыпIэрымысыр
Агрономэу хэт джы хьасэм!..

* * *

Джэныкъо Iугъом зынэ ришъоу,
ЩыIэкIаеми ыгъэжъэу,
Жъалымагъэ зэрахыгъэмэ
Ащыщыгъ тибзылъфыгъэ.
Ар гъогу нэфым тещэгъэным,
Ащ дин лъахъэр техыгъэным,
ЦIыф хэдзыгъэм афэдэным
Хьахъуратэри фэбанэ.
— Тихэку пэрыт хъуным пае,
Спыпхъу кIасэх, шъуеджэн фае,—
ЕIошъ пчъагъэмэ ялъэIу,
Бзылъфыгъаби егъэдаIо.
Нэнэжъыми заIуегъакIэ,
«Тянэ гупсэкIэ» зэлъяджэ,
Ныуи, кIали, лIыжъи — зэкIэм
АпэгъокIы цIыфыгъэкIэ.
Зырызыхэр пый мэхъаджэм



Ыгъэплъэхъухэу, псэлъэ пхэнджы
ХигъэдаIоу зилъэгъукIэ,
Iофым хэхьэ ежь ышъхьэкIэ:
— Хабзэ зафэр шъощ паекIэ
Къыдэтхыгъ зэошхокIэ,
Джы дгъотыгъэ шъхьафитныгъэм
Бэмэ фатыгъ щыIэныгъэр,
Ащ ишIуагъэ зэхэтэшIэ,
Къэт нахьышIур, ар зэжъугъашIэ!

* * *

Шыкуи цукуи атечъызэ,
Зы машинэ гъогум рэчъэ,
Мэзы IапчъэмкIэ загъазэ,
ЛъэсырыкIоу зы лIыжъ фазэ.
Шофер кIалэр къэуцунэу,
ЛIыжъыр чылэм дищэжьынэу
Хьахъуратэм морад ешIы,
Улэугъэ, дэгъоу ешIэ.
Хэку тхьаматэм шIэхы-шIэхэу
Машинапчъэр къыфыIуехы,
ЛIыжъ тхьапэфым сэлам рехы:
— О тят, къитIысхь, тимашинэ,
ТыблэкIыщтэп укъщытынэу.
ЛIыжъы цIыкIум IугушIукIэу
МашинакIэм зырегъакIэ,
КъыфашIагъэмкIэ рыразэу
Хьахъуратэм зыфегъазэ:
— ...Сымэджэщым сыщыIагъэу,
Зи симлажьэу сыхъужьыгъэу
Къалэм сэри сыкъекIыжьы,
Тэ тикъуаджэ сэ сэкIожьы.
...Арэп сэIо, Хьахъуратэр,
Шъыпкъэ дэдэу къысэIуатэлъ,
Сызщыщэу сэ сикъуаджэ

Адырэмэ анахь шъуаджа?
— Хьау, тят, аущтэу ар умыIо,
Шъо шъуикъуаджэ бэу цIэрыIо!
ЛIы батырхэр къыдэкIыгъэх,
Щытхъу орэдхэр фаусыгъэх...
— Адэ сыд пай джырэ нэсы
Ащ IэзапIэ щамыгъэпси?
— ШъуиIэ хъущт сымэджэщи
Тыфежьэщт тэ шIэхэу ащи!
Ау еджапIэр ыпэрапшIэу
ТызэрэшIэу тэ тэжъугъэпIы...
Ащ нэужым шъо жъугъэшIагъоу
Дгъэпсыщт шъощ пай клубы шIагъуи,
Тэ ликбези зэхэтщэщтых,
ЦIыкIуи ини едгъэджэщтых...

* * *

Къоджэ чыжьэм изэIукIэ
Заух ужым Хьахъуратэр
Къежьэжьыгъэу унэм къекIы,
Ащ машинэм феузэнкIы.
КIэлэцIыкIухэм агъэшIагъоу
Имашинэ зэпаплъахьы,
Ишофери къадзыхьагъэу
Зыгорэхэр къырагъаIох.
КъыIуатэрэр агъэшIагъо,
— ТигъэтIысхьэх, — джы мэлъаIох,
— ЕтIан, — еIошъ шофер кIалэм
КIэлэцIыкIухэр IуегъэкIыжьы.
Ар елъэгъу Хьахъуратэм,
КIэлэцIыкIумэ гъогу ареты:
Алъэхенэ имашинэ,
Ащ игуапэу регъэблагъэх:
— ШъушIэх, шъушIэх, шъумыщынэх,
Нахь чаныр сшIыщт сэ благъэ.

КIэлэцIыкIухэр ыгъэтхъэжьэу
Куп-купэу къырещэкIы,
Мо дунаир афэмхъужьэу
Зэтеутэу ахэр мэщхых.
Хьахъуратэм ицIыфыгъэ
Пстэуми апIэу чыжьэу Iугъэ.
Зэпымыоу чэщи мафи
ЛэжьакIомэ нэшIу ащефэ.
Гумызагъэу хэку тхьаматэр
Фэшъыпкъ мафэу гъупчъэ-уатэм,
Ащ пай Iори зышъхьамысэу
А лIым ытыщт ышъхьи ыпси.
ШIу зышIэрэм шIу фыщылъышъ,
Орден лъапIэр фагъэшъуашэ.
Ленин иIоф пхырегъэкIышъ
ЦИК шъыпкъэм членэу хадзы.
Уцу иIагъэп ыгу теофэ,
ТIыс иIагъэп ар щэIэфэ.

* * *

УрамыкIэм сэ сытетэу,
ХьэкIэ купмэ сэ сахэтэу
Тхыдэ дахэу Хьахъуратэм
Пылъым щыщи къэсэIуатэ:
Ащ фэдэу лIы батырмэ
Типартие зэлъаIэты,
Ащ фэдэу коммунистмэ
Лениным игъогу къагъэшIэты!

## ТИБЗЫЛЪФЫГЪЭМЭ ЯДАХЭ СЭІО

(СтихыкІэ тхыгъэ повесть)

Хэта дахэкІэ тхыдэм хэхьагъэр,
Цlыфыбэм шІукІэ зыцІэ раІуагъэр?
ПеІэщты дышъэм хэта нахь лъапІэр,
Хэта унагъом ихъяр къэкІуапІэр?
Тэ тибзылъфыгъэу цІыф лъэпкъым щыщ,
Совет бзылъфыгъэу — бзылъфыгъэ Іуш.
Хэт ищыІагъа гъунэ зимыІэу
Нэхъой укІытэр зынэгу кІэлъыр?
Хэт игукІэгъуа анахь иныр?
Хэт ишІулъэгъуа мыухыжьыхэр?
ХэтыкІи нафэ! Тянэхэр, тшыпхъухэр,
Шъхьагъусэ мафэу тэ типсэогъухэр,
Ахэм апае усэр сэублэ,
Жъыур игъусэшъ ар къызэкІэблэ.

* * *

...Сыды фэдизрэ адыгэ бзылъфыгъэм
Цlыф гъэпыутмэ рахыгъ жъалымагъэ,
Сыды фэдизрэ мэзахэм хэтэу
Диным илъахъи кІуапІэ римытэу
Бзылъфыгъэм хьэр псашъо рагъэщагъа,
Зи имылажьэу лажьэ хадзагъа?
ЛІэшІэгъу тхьапшрэ ышъхьэ фимытэу
Чыгу бзыхьафи тефэу рамытэу
Дэкъацэм дэлъэу ар аІыгъыгъа?
Имыжъыгъуахэу ар жъы ашІыгъа?
«Ышъхьац зкІыхьагъэ фэдиз иделагъ», —
АІозэ бзылъфыгъэм пцІэу палъхьэгъагъ...

...Зы хъугъэ-шІагъэ сыгу къэкІыжьы,
ИжъыкІэ хъугъэу къэсэІотэжьы:
Осэу къесыгъэр лъэгуанджэм къэсы,
Жьы пэпцІэ чъыІэр кІышъом къедысы....
Чэщыгу хъугъэшъ къуаджэр мэчъые,
Ерагъэу мазэр огум щэхъые,
ХъункІэкІо купыр къуаджэм къыдахьэ,
Куомэ-кІыеу пшъашъэр рахьыжьэ,
Ахьырэ пшъашъэм гухэлъэу иІи,
ШІу ащ ылъэгъоу кІалэу ыгу зэІуи
Пылъыхэп, ахэр, фаеп ашІэнэу,
Хы Іушъом ахьыщт сатыу рашІынэу...
Зыжэ кудагъэу ахьырэ гъэрым
Гугъум къыхэкІэу ыгу зэгоуты...
Зым ишІулъэгъоу аулъэгугъэм
Пае нэужым гъыбзэм зеІэты...
Адыгэ бзылъфыгъ, адыгэ бзылъфыгъ,
Унгъэры нэпсы хыр къыІэтыгъ.

* * *

ЩыІэкІэжъ дыджым инэпс щыугъэ
Джы ытхьалэжьрэп тэ тибзылъфыгъэ,
Диным илъахъэ ащ темылъыжьэу
Къинэу ыхъугъэр джы еІотэжьы.
Тэ тилъэхъанэ нэпсы гушІуагъор
Бзылъфыгъэ нэгум тэ кІэтэлъагъо,
«Сэрмыгъуи», «Гущи», «Еры о улажьи»
Игъыбзэ хэлъэу зэхэпхыжьыщтэп,
Гуфит шъхьафитэу зиужьыжьыгъэшъ
Советскэ гъогум пфытекІыхэщтэп.
Бзылъфыгъэм непэ ины ыкІуачІэ,
Насып хегъуатэ тэ тищыІакІэ.
Ар депутатэу Москва щэхасэ
Сыдырэ Іофи зыкъыфегъасэ —
Лъэуж мэфабэ тиуж тырещэ,

Гъэбэжъу зэлъыкIор чIыгум къыхещы,
Хэтрэ хъулъфыгъи фэдэу IофышIэ,
Машинэу щыIэхэр тфегъэIорышIэ,
Тиогу къаргъо бланэу есыхьэ,
Бгъэшхъо нэ чанкIэ зыкъыщеплъыхьэ.
ШIэныгъэ лъапсэр ыIэ къихьагъэшъ
Тэ тибзылъфыгъэ ынэ регъэхъу,
ИакъылышIуагъи игъэсэныгъи
Зэпымыухэу цIыфыоэ щэтхъу,
Ар врачы шIагъоу чанэу мэIазэ,
КIэлэегъаджэу тэ тегъэразэ.
Агроном дэгъоу игугъуи ашIы,
Гъэбэжъу зэикIым лъапсэ къыфешIы,
IофышIэкIэшIур къихьагъэшъ ыIэ
Зэфэдэу чIыгур къегъэгущыIэ.

* * *

Къоджэбэрдымэ я Мыхьамэти,
Нэхай Даутэу тикIэлэ блани,
Шыхьанчэрыеу ти Хьахъурати
Тэ тфэзышIугъэр — адыгэ нани.
Тлъэ тытеуцоу, цIыфы тэхъуфэ
Къытэмызэщхэу тэ ташIоIофэу
Тянэхэр ренэу къыттеубгъуагъэу
КIуачIэ къытхелъхьэ ягуфэбагъэ.
Тянэхэм лIыгъэм тэ тыфагъасэу
Тикушъэ лъапэ орэд щаусы,
Яцахь къыттелъэу, тырягугъапIэу
ЦIыфыгъэ иным тызэлъыфапIу.
Тэ тигушIуагъо ащ ягушIуагъоу
НахьышIоу щыIэр тэ къытапэсы,
Ятыгъэпс фабэ ренэу къыттепсэ.



* * *

Тэ тибзылъфыгъэ нIэмыр дахэ
МыкIодыхэнэу тэ къытфегъанэ.
Зарагъэлъэгъурэп ахэм гумахэу
Хэгъэгум пае ахэр бэу бланэ.
Адыгэ лIыхъужъэу Шэуджэны Мосэ
Ишъхьагъусагъэу Гощэунае
ИщыIэныгъи зэкIэ игъашIи
Ашъхьасыгъахэп цIыфыбэм фэшIы.
Бзылъфыгъэ лъэшыгъ ащ аригъаIоу
Джы къызнэсыгъэм ищытхъу зэлъэIу.
ЧIыпIэ къин ифи пыимэ заубытым
Гощэунае зимыгъэпыутэу
Батыры шъыпкъэм фэдэу зекIуагъэ,
Къыгъэлъэгъуагъ хэлъы блэнагъэр.
— КъаIо уигъусэхэр, сыд шъугу хэлъа?—
ЫIуи укIакIор ащ къызыфелъым,
ЫнатIэ шхончыпэр къызытырещаем
КъэщтэуIугъэп шъыпкъагъэм пае,
Ажэхидзагъ джэуапыр пыимэ:
— ЛэжьэкIо цIыфхэр зэкIэ сигъусэ,
Сэ большевикхэр зэкIэ сигупсэ,
Сыфэшъыпкъэ Лениным иIофы,
Ащ тэ тилъагъо къытфегъэнэфы...
ГъэпщылIэкIожъхэр тэ дгъэкIодынэу
Жъалымагъэм ибжьи зытетыдзынэу,
Тыфэбэнэщтых тэ тызэкъотэу...
— Укъэмыщт, сипшъашъ, — чIыгум къыреIо,
Лениным ымакъи джы дэдэм къеIу:
— Адыгэ лъэпкъым о ыпхъу кIасэр,
Уищысэ нэф о щыIэщт мыкIуасэу...
...ОшIэ-дэмышIэу шхончэо макъэр
Мэзыр къыгъаджэу мэхъаджэу къэIу,
Ау Шэуджэнымэ я Гощэунае
Емыбэджыгъэу щыт цIыф лъэшэу...

ЫIшъхьац дэнагъо жьым зыхигъащэу
Шъабэу, ыгъашIоу дахэу Iэ щефэ,
Шъхьафит бэнакIомэ къахэнэфыкIы...

* * *

Зыщыщ хэкум ищытхъу хигъахъоу
Адыгэ пшъашъэр хъупхъэшъы хъупхъэ.
Уфаемэ фабрикым чIэтэу ар махъэ,
ШэкIы лъэпкъышIухэр пытэу къытфешъэ —
Шопэны хъумэ ыIэхэр дышъэ,
Уфаемэ фермэм тетэу чэмыщы,
IэпэIэсагъэкIэ ар къызыхащы.
Адыгэ пшъашъэр дунай къэгъагъэу,
Хэхъо зэпыты ащ идэхагъэ.
ЗэрэзэлъашIэу адыгэ пшъашъэм
ХьатырышIэнкIэ кIуагъэп зи ыпшъэ,
Къэшъон-джэгуным зэрэфэбгъазэу
Пчэгум ар хьарзэу къытелъэразэ.
Бзыу орэдыIор угу къыридзэу
Орэды жъынчыр ащ къытфыхедзэ.
Пшъашъэмэ тыгъэпсыр къапэкIутыкIы,
ТищыIэкIэшIуи къагъэкIэракIэ.

* * *

Зэо пхъашэу зэо мэхъаджэр
Къежьи Родинэр тэ къызытаджэм
ЛIыхэм ачIыпIэ хэт иуцуагъа,
Хэты пхъэIашэр тэ тфигъэжъуагъа?
Хэта зиIашэ пытэу зыIыгъэу
ТитекIоныгъэ къыдэхыгъэным
Псэемыблэжьэу тфыхэлэжьагъэр?
Инэу ишIуагъэ къэзыгъэкIуагъэр?
Советскэ бзылъфыгъэу — бзылъфыгъэ блан,
Адыгэ бзылъфыгъэу — бзылъфыгъэ чан,
БлэкIыгъэ заоу зэо пхъэшаем



Адыгэ пшъашъэу Бэгъужъэкъо Лёлэ
Блэнагъэ хэлъэу язэуагъ пыймэ,
Къыфихьыгъ щытхъур ежь икъэралы.
МакIэп ащ лIыгъэу тфызэрихьагъэр,
МакIэп орэдэу фызэхалъхьагъэр.
Сыгу къыздеIэу сэри сиусэ
Лёлэ фаусыгъэм ясэгъэгъусэ.
...Зэфэдэу огур зэлъаупIыцIэу
Фашисты бгъэжъхэр къызэлъэбыбы,
Бомбыжъхэр аблыгу чIэлъыхэу, мацIэу
Зи ащ къямылэу машIом чIагъэбы...
Къалэхэр, къуаджэхэр тырагъэжъыкIы,
Хэт сыд амыIоу зэкIэ аукIы...
Советскэ бгъашхъоу бгъэшхъо лIыхъужъымэ
Лёлэ ахэтэу огум ехьарзэ,
Фашист ныбаджэм ыпсэ хегъэзы.
— Хэгъэгум пае, тикъуаджэ пае
Сэ сянэ пае, сихэку пае, —
ЫIозэ Лёлэ ыгу жьы дегъэкIы,
МэшIуащэр бгъэжъымэ атырепхъанкIэ.
Ытамэ еошъ зым къыгуеуты,
Зым имоторэ къыкIоцIеуты...
Советскэ летчицэм пыимэ щакIуахьы,
Ти Лёлэ нахьри зегъэбэлахьы...
Аузэ бзылъфыгъэм ыIэ къауIэ,
Ау ар мэбыбы, ыпэ регъэхъу,
Хьылъэми шъобжэу телъыр ещыIэ,
Пыи ныбаджэмэ абгъэ зэIетхъы...
ЗыщыжъотыпIэм ипчэту итэу
Аджал щэ мыгъор ыбгъэ къытефэ,
Аужырэу Лёлэ лъагэу зеIэты,
Пыигур рехы ыпсэ пэтыфэ...
Ынэ къэритIу ащ огум щэшIэты,
Ытэмэ лъэшмэ лъагэу заIэты,
Ом ныты жъуагъомэ къахэщрэм фэд,
Тщыгъупшэхэщтэп ищытхъу орэд.

* * *

Тарихъы дахэ непэ хъужьыгъэу,
Дышъэ хьарыфкIэ ыцIэ атхыгъэу
Игугъу къэсшIыщт сэ джыри бзылъфыгъэ,
Инышъы иныи ащи илIыгъэ.
Ар Хьатитэмэ я Нафысэтэу,
Типартизанкэу тыгу къэзыIэтэу
ЛIымэ ахэтэу пхъашэу зэуагъэр,
ТитекIоныгъэ пае фэхыгъэр.
УапэкIэ щытыр умылъэгъунэу
Шэмбэты чэщыр шIункIышъы шIункIы,
ЛIыгъэ пхэмылъмэ уигъэщынэнэу
Макъэхэр мэзым бэу къыхэIукIы...
Партизанмэ яIофытабгэ
Чэщыбгым къежьэ пыимэ ябгэу,
Чэзыу пшъэрылъ нI ыгъэцэкIэнэу —
Нэмыцы пчъагъэр зэригъэшIэнэу...
Нэфылъ къыкIичэу къуаджэм къынэсы,
Бысым нэIуасэм иIэгу дэпсыхэ,
Нэфы зэрэшъэу чIыпIэ имысэу
ПсынкIэу фежьагъ ар иIоф зэшIуихэу.
Ныожъ щыгъынкIэ зэлъыфэпагъэу,
КъамышIэжьынэу ынэгу цIэлагъэу
Зэплъыны фаем псынкIэу гу лъетэ,
КIозэ хымадзэр гукIэ къелъытэ...
Ау илъэужы къумалыр къехьэ,
Партизан пшъашъэм пхъашэу жэхэхьэ:
— Оры Нэфсэтыр, дэгъоу усэшIэ,
КъэодгъэIощт тэ зэкIэ о пшIэрэр...
Партизан лIыкIом мастэр къыхаIу,
ЕIэхэшъ ыбзэгу лъэшэу ауIэ,
IэхъукIэ ыIэ пытэу афызы,
ЗэрафэлъэкIэу ыгу агъэузы...
Ау партизанкэу ти Нафысэты
Ежь фаешъ пытэу ыбзэ еубыты,
Пыихэр зэщифэу лIыгъэм зыреты,
ГущыIэ закъуи къымыIоу щэты...
Фашисты Iэлым ынэ псыцунэу
КIапсэр блэ пIонэу ешIы аркъэнэу,
Пшъэшъэ тыкъыныр къышIуеубытыкIы...
Нэфысэт псалъэкIэ пыир еукIы:
— ЛъэкъунтIу шъукIэтыми шъухьэкIэ-
къуакIэх,
Тыгъужъыгу шъуиIэу шъужъалымэ закIэх,
Шъулъэгъун, тыехэр тэ къэсыжьыщтых,
ШIэхэу чIыгум шъуетлъэкIэхыщтых.

* * *

Хьатитэ япхъоу ти Нафысэты
Исаугъэты чIым зыщеIэты,
Бланэу тицIыфмэ зыкIэ ащыщэу
Щытхъу орэдым ыцIэ тыфещэ.

* * *

ЧIэлъых письмэхэр нымэ япIэшъхьагъы,
АгъашIо письмэхэр шъузэбэ пчъагъэ...
Къатхыгъагъ ахэр советскэ дзакIомэ,
Гур агъэIэлы ахэмэ уяджэмэ,
СэшIэ сэ зы ныо тихьаблэ хэсэу,
Ыдэжьы сихьэу сызэрэтIысэу
ИпIэшъхьагъ кIаIэшъ данэм кIоцIылъэу
Къештэшъ зы письмэ сэ сырегъэплъы,
—Къысфеджэлъ, сикIал, письмэм итхагъэм,—
Къещэи IитIукIэ зыкъо фэхыгъэм.
Письмэ щэнэбзыр гъожьыбзэ хъугъэ,
Итыр ерагъэу, къинкIэ олъэгъу:
Ауми а письмэм итыр къисэхы:
— Шъэогъу ныбджэгъухэр бэу сэ сигъусэу
Пыи мэхъаджэм ыпсэ Iутэхы,
ЦIыфлъэпкъы пстэухэм тызэгонэсэу
ТекIоныгъэ лъапIэр тэ къэтэгъэсы...

ЧIыгур къэмыщтэу сыкъэмыщтэнкIэ,
Хэгъэгум фэшIкIэ спсэ семыблэнкIэ,
О, сянэ лъапI, сэ Iуагъэ осэты,
Чэщи мафи лIыгъэм зесэты...
Тикъоджэ цIыкIу сэ бэрэ сыгу къэкIы.
Синэнэ лъапI, о сыпфэгумэкIы,
Тызэпэчыжь, ау укъэсэлъэгъу,
Атакэм сыкIоми сэ укъыскIэгъу...
Iанэм упэсэу Iулъхьэр ебгъэхымэ,
— Скъо езгъэшхыгъот, оIо, сэ сэшIэ,
Сиписьмэ тхьапэ бэрэ къэмысмэ,
Почтэм о окIо, ишIуабэ о машIэ.
Чэщ мычъыябэ сэщ пай нохы,
СэрыкIэ, тян, о рэхьатэу зышIы,
Письмэм итхын джы ащ щысэухы,
Тежьэны фае, Iэ сэ къысфашIы...
Письмэ щэнэбзыр ащ есэтыжьы,
Ар фэсакъыпэу егъэIылъыжьы...

* * *

Адыгэ бзылъфыгъэм, нафэ, егъашIи,
Дунэе шIуагъэ зэриIэр ашIэ:
Пкъым къешIэкIыгъэу ишъошэ дахэ
Адырэ шъуашэмэ къахэлыдыкIы,
Ухегъэплъыхьэ ишхыны шIыгъэ,
РыпхьакIэ хъущт хэгъэгу хьакIэ...
Адыгэ бзылъфыгъэм ымэкъэ шъабэ
Хэт едэIугъэми ыгу къегъэфабэ,
Бзэпсым ащ фэдэу ыпкъи ищыгъэу
Iэдыим фэдизэу ышъхьаци благъэ,
Ынэ гохьитIо пфэмылъэгъукIэу
ПсынэкIэчъ къабзэр угу къагъэкIы...
КIэнкIэм теуцомэ, ащ ыIэтынэу
Шъэбабзэу кIозэ гъогум хегъэкIы.
Бзыу хьарзэм фэдэу псынкIэу зегъазэ,
Ишэн-Iэдэбыкlэ бэу егъэразэ.
Къазый я Хьанифэу нэр пIэпызыхи,
Хьатрам лъэпкъымэ я Пэкъэ дахи
ЯзекIо-шIыкIи шIоу ягъэпсыкIи
Джы къызнэсыгъэм къаIо орэдкIэ.

* * *

Гъэтхапэм фэдэу цIыфым гушIуагъор
Хъоеу фэзыхьырэр совет бзылъфыгъ,
Мыухыжьынэу гум ифэбагъэр
КъызыпкъырыкIырэр — совет бзылъфыгъ.
Адыгэ лъэпкъым хэт лъапсэу иIэр?
Хэт сабый пIуным мыпшъыжьэу пылъыр?
ХэткIи нафэ: тянэхэр, тшыпхъухэр!

* * *

ЦIыфлъэлкъым щыщэу тэ ти бзыльфыгъ
Узыгъэиныррэр о уицIыфыгъ,
О уай-уаеу совет бзылъфыгъ,
Дунэе щытхъур къыопэсыгъ.

## ДЭТХЭР

### Адыгэ пщынэм седэIумэ


Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ . . . 5
Къуаджэм иджэгу . . . 7
ТIурытIуусэхэр . . . 8
Оры, тигъуазэр, Ленин! . . . 9
Дунаем идахэ бзылъфыгъэр игъундж . . . 12
Сэ сиорэд . . . 14
Хыгубжыр . . . 15
Ижабзэ псынэкIэчъ къабз . . . 16
БэгъашIэ ухъу пшIоигъомэ . . . 18
Нэфылъы жъуагъор тилъэуян . . . 19
Гъогогъум джэуапэу естыгъэр . . . 20
Сэ сырабоч . . . 24
Адыгэ пщынэм седэIумэ . . . 26
ЦIыф пый зимыIэр — бэгъашIэ мэхъу . . . 28
ШIулъэгъум ехьылIэгъэ едзыгъохэр . . . 29
Жъытъэмэ шъхьэкIафэ афэшъушI . . . 30
Тэтэжъы илъэIу . . . 31
Джэнэт щыIэмэ, тихэгъэгу — джэнэт . . . 32
УлIэу паIо пщыгъымэ . . . 35
Мы дунаер гъэшIэгъоны . . . 36
ХъяркIэ тытехьэ . . . 37
Сэлам ясэхы . . . 39
Хэкум идахэ къыщежьэ . . . 41
Шхын пстэуми анахь IэшIур . . . 42
Iуагъэ тэжъугъэшIы . . . 43
Шъыпкъагъэр — цIыфымкIэ лкъэу . . . 46
Сыфаеп ащ фэдэм сIапэ естынэу . . . 47
ЛIыжъ ЩтыргъукIым итын . . . 48
Гъэтхапэ . . . 51
Пшъэшъанэхэр . . . 53
Адыгэ пединститутым пае хъохъу . . . 54
Яшкол нэфы зэлъекIужьых . . . 55
ШIулъэгъур сыгу щэтIыргъо . . . 56
ЩыIакIэм къегъэнэбжьыкIэ . . . 57
Мамырныгъэмрэ заомрэ . . . 59
Дунэе хасэм ыухэсыгъэр . . . 61
Адыгэмэ ацIэкIэ . . . 63
Ныхэмэ агу хэшъумыгъэкI . . . 65
Ныбджэгъубэ зиIэр анахь бай . . . 67
ЛIыхъужъ батырмэ ацIэкIэ . . . 69
Къушъхьэхэр . . . 71
Зэдытигупсэ поэт . . . 73
Хэшъэе чъыг . . . 74
Тара анахь пытэр? . . . 75
Тхьамафэм имафэхэр . . . 77


### Орэдхэр

#### Хэгъэгум паемэ


Пшъашъэм игупшыс . . . 83
КIалэм игупшыс . . . 85
Гум иорэд . . . 87
Тэтэжъ дышъ . . . 88
Джамбэчые иорэд . . . 89
ШъукъакIох псэлъыхъо . . . 90
Шъуишчыхьэ шIу . . . 91
Ярэби . . . 92
Лэшэпсынэ иорэд . . . 93
НысэгъэшIо орэд . . . 94
Хэгъэгум паемэ . . . 95
Гъэтхэ къэгъагъэхэр . . . 97
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр, къыздакIу . . . 98
Пэнэхэсы иорэд . . . 99
Уегугъумэ къыогугъужьы . . . 100
СэрыкIэ тыгъэу унэфын . . . 101
Цызэ цIыкIум иорэд . . . 102
Тянэ-тятэмэ яорэд . . . 103


#### Сэмэркъэухэр, щэбзащэхэр


Хьабибэ зэгупшысэрэр . . . 104
Хьамысэ ыкъо егъасэ . . . 106
Зэфэусэ сэмэркъэу . . . 109
Мы пшъашъэхэри! . . . 111
Ащ фэдэм сыдэущтэу уеджэщта? . . . 112

Шхъогъолэжъыкъом идагъу . . . . . . 113
Тизыкъуаджэ ехьылӀагъ . . . . . . 114
Бынмэ якӀэлэ закъу . . . . . . . 115

## ШӀу зышӀэрэм шӀу фыщылъ

Хьахъуратэм итхыд. (Поэм) . . . . . 119
Тибзылъфыгъэмэ ядахэ сэӀо. (СтихкӀэ тхыгъэ повесть) . . . . . . . . . . . 132

*Жанэ Киримизе Хаджимусович*

**ДУМА ДЕВУШКИ**

**Стихи, поэмы**

(на адыгейском языке)

Редактор К. И. Хут
Художник Ю. Г. Кириченко
Художественный редактор М. В. Евтушенко
Технический редактор М. Д. Шеуджен
Корректоры: С. К. Абрегова, Д. Е. Нахушева

Сдано в набор 1.XI.1974 г. Подписано к печати 18.III.1975 г. Формат бум. 70x90 1/32. Бумага тип. № 1. Усл. печ. л. 5,3. Уч.-изд. л. 5. МО 11561. Заказ № 7166. Тираж 1000. Цена 52 коп.

Адыгейское отделение Краснодарского книжного издательства, г. Майкоп, Гоголя, 8.

Адыгоблполиграфобъединение управления издательств, полиграфии и книжной торговли Краснодарского крайисполкома, г. Майкоп, Пионерская, 268.